# МагIарулай

6.2022

ISSN 0132-9723





с. Куруш.
Фото из Интернета.



# ЦIИЯБ, БЕРЦИНАБ, РАКЪЛИЛАБ, ТАЛИХIАБ…

Гьалеха рагIалде щвана гьаб сонги – тIаде щолеб буго цIиябги. ЦIияб соналда цебе нилъер гIадат буго араб соналъул хIасилал гьарулел, бачIунеб соналда гьаризе ругел ишазул сияхI гьабулеб, журнал хъвалезе ва цIалулезе баркала кьолеб, бищунго ракIалда чIарал ва асар гьабурал лъугьа-бахъиназул бицунеб…

Амма исана нилъеца ЦIияб сон дандчIвалеб буго рекIелъ цо батIияб асаргун. ГьабсагIаталъ дунялалда лъугьунел ругел лъугьа-бахъиназухъ ралагьун ва Украинаялда унеб хасаб операциялда цебе, цогидаб кинабго гьадингояб жолъун бихьулеб буго. Гьеб сабаблъун гIемераб къварилъи къулчIизе ккана нилъер гIадамаз. Щибилан гьаниб абилеб?! ЦохIого цо –чIаго-гIатIго, сах-саламатго нилъер васал рокъоре тIадруссагиян!

Нилъер бахIарчияб халкъалъ цойги нухалъ бихьизабуна жидерго къвакIиги, жигарги, ВатIан цIунизе кидаго хIадур рукIинги. Абадиялъ чIухIизе руго нилъ «Россиялъул БахIарчи» цIар щварал нилъер Дагъистаналъул васаздаса.

Нилъеца цIияб заманалде гали лъолеб батизеги бегьула. Амма жеги нилъеда лъаларо кинаб заман гьеб букIинебали. Амма кIудияб хьул буго нилъер наслаби ракълилаб гIумруялда рукIинилан ва гьезда кинаб букIаниги квешлъи, къварилъи, захIмалъи хъваларилан. Берцинал рогьелалгун, бакъул кунчIигун, ралъдал карачелабазул гьайбатаб бакъангун, лъималазул релъиялъул цIураб рукъгун, хIатIазда гъоркь тIанхазул шуршургун, хъатиниб рещтIараб гIазул хIулигун…, гIумруялда жаниб аслияб жо гIумрулъидал!

Баркула киназдаго тIаде щолеб бугеб ЦIияб сон! Щиб кканиги – гIумрудул чваххи цо буго – басрияб хисун кидаго цIияб бачIуна. Гьеб цIияб букIине биччан те берцинаб, ракълилаб, талихIаб!

Амин!

**Наида КЕРИМОВА**

## НОМЕРАЛДА ЦIАЛЕ:


**БАКЪУЛ НИГIМАТ – ТIАБИГIАТАЛЪУЛ САЙГЪАТ!........ 10**




– Унгоги, Зулейхат дие гIи-цIго лъади, лъималазул эбел ва лъикIай хозяйка гурейги, божарай пишацояйлъунги ккола. Хъизанги нижер щулияб буго. КIикъого сон бана нижеца цадахъ. Дие гьей абун йикIана жеги микьабилеб классалдаго,ункъо сонал чIчIана гьей гIезегIан. Дие Зулейхат кидаго йикIана киназдасаго берцинайги тIокIайги, гьанжеги гьединайлъун йиго. Нижер буго ункъо лъимер ва гьезулги анцIила цоял гIолел руго.


**БАХIАРЧИЛЪИ ….......................... 14**




Дагъистаналъул, васал гурелги, ясалги руго бахIарчиял. Гьезул бахIарчилъиялъул хIакъалъулъ нилъеда гIемер цIалана АхIулгохIил къисабазда. Гьал къояз киса-кибего тIибитIана Хунзахъ районалъул ЦIалкIитIа росулъа медицинаялъул хъулухъалъул сержант ГIабдуразакъова Асият АхIматIовна Жуковасул орденалъе йихьизаюн йигилан абураб рохалилаб хабар. Спецоперация байбихьаралдаса руго нилъер ясал медицинаялъул хъулухъалда Украинаялда.


**ХЪВАДАРУХЬАНАСУЛ КЪИСМАТ…................................... 26**




- Дурго бугеб цогидалгун бикьизе лъалеб бугони, БетIергьанас рикъзи тIагIун толаро. Цоги гьединабго бицен буго: «Нухда унаго сордоги тIаде щун, нухлулас цебе батараб рукъалъул нуцIида кIутIула. Гьениб батула мискинаб хьизан, гьез жидерго бугеб щинаб квенги цебе лъун, гьобол къабул гьавула ва бакъараб хьизан кьижизе бахуна. Радал тIаде рахьиндал гьезда бечедго гIуцIцIараб тепси батула ва гьелдаса нахъе гьезул рокъоса баракатги камуларо».


**ГЬАЙ ЛЪЕДОЛЕЙ ЙИГО ЛЪАЯЛЪУЛ РАЛЪДАЛЪ……….......................... 34**




Жакъа материалиябгун технический рахъ школазда лъикI буго ва хIалтIизеги гьира балеб хIал лъугьана. Цере доскалда мелалъги хъвадарун малъулаан лъималазда хъвай – цIали ва лъикIаб лъайги кьолаан. Кинабго бараб буго учителасул хIаракаталда. Дун цониги дарсиде инчIо планал хъвачIого, кигIанго лъикI гьеб лъалеб букIаниги ва бицине бажараниги.



ГIадамазул къисмат, гьесул хасият гIамалалда рекъараб букIунилан абиялда тIад рекъоларел рукIунел ратиларо. Чияс тIаса бищулеб махщелги гIемериселъ тохлъукьегояб букIунаро. Жакъа гьаниб жиндир хIакъалъулъ бицуней Зулжат Къебедовна МухIамадсалихIовалъ абуни, тохтурлъи тIаса бищун буго гIемерай ургъичIого, жиндиего рекъон кколеб ва кIвар бугеб ишлъун гьебги бихьун. Гиппократил гьедиялъе гьей ритIухъайлъунги хутIун йиго.

# МУХIАМАДСАЛИХIОВАЗУЛ ХЪИЗАНАЛЪУЛ ТАЛИХI...

## ХЪАХIАБ ХАЛГIАТАЛЪУЛ РОМАНТИКА

Зулжатица жиндаго цебе киданиги лъолеб гьечIо тIубазабизе бажарулареб масъала. Дагъмедакадемиялда цIалулелъул, педиатрия бищулаго гьелда бичIчIун буго, жий чIванкъотIараб специализациялда тIад хIалтIизе ккезе йикIин ва божун йиго лъималазул сахлъи цIуниялъул ишалда жиндаса пайда гIураб букIине буголъиялда. Щибин дуда медицинаялда берцин бихьараб абун дица гьикъидал, гьей дагьалъ ургъана ва жий йикIанила медицина ракIалдаго букIинчIеб ишлъун кканилан, амма хадуб бичIчIанила гIумруялда жаниб гьадинго щибго жо букIунареблъийилан жаваб кьуна.

– Хъизан букIана кIудияб, - абун бицана гьелъ, - лъабго вацги, щуго яцги. Гьединаб хъизаналда гьитIингоялдаса ругьунлъизе ккола хIалтIизе, лъала захIматалъул ва гIарцул къимат, гьабизе ккола магIишат.

Гьелъги хIаракат бахъизе ккун буго хъизаналъе кумек гьабизе. ЛъугIизабун буго Буйнахъскаялъул медучилище. Хадусеб иргаялда цебе чIараб масъала букIана тIадегIанаб лъай боси ва гIелмиял цIех-рехазде тIаделъи. Гьелда гIемер ракIалде щола жиндир гьитIинаб ВатIан, гIагараб Казбек районалъул Гуни росу.

– Нижер тухумазул кьалбал цIакъго гъварилъуде, гIасрабалъе унел руго, – ян бицана гьелъ. – Гьединлъидал магIарул гIамал-тIабигIаталда куцараб букIана хъизанги, гьединаллъун гIуна нижги. Эмен вукIана унго-унгояв коммунист. Механиклъиялъул ишалда гIумру аниги, гьесул букIана гIураб жавабчилъи, гIадамаз хIурматги гьабулаан гьесул.

– Эмен вукIана гьереси бицине лъаларев, жиндагоги гIадамаздаги цеве вацIадав чи. Гьев хIалтIана районалъул росдал магIишаталъул техникаялъулаб управлениялъул начальникасул заместительлъун. Гьеб абуни ккола хурухъабазул районалда цIакъго кIвар бугеб хъулухълъун. Гьединго гьес нухмалъи гьабуна республикаялъул заводалъул филиалалъе, гьенир рагьана гIадамазе хIалтIизе бакIал ва кумек гьабуна республикаялъул экономика цебетIезабиялъе. Инсуца нижеда абулаан, кинабгIаги кIвар гьечIеб профессия букIунарила, кIудияб кIвар бугила жиндирго иш бокьиялъул ва тIаса бищараб хIалтIи лъикI тIубазабиялъул абун.

## РУКЬБАЛЪГИ ТОХТУРЛЪИ БЕССАРАЙ…

Зулжат Къебедовналъ бицана жидер яцал-вацазда гьоркьор ругила захIматчагIиги, рагъухъабиги, бакIал ралелги, техникалги, тохтуралги. Амма жидеда гьоркьов цониги гьечIила ургъел гьабичIого, жавабчилъи гьечIого хIалтIи тIубазабулев чи.

Кинха кинабго байбихьараб? Гьелда ракIалде щвана Буйнахъскаялъул медучилищеялда цIалулеб заман, медицинаялъул ишалде гъорлъе ккарай куц, унтаразде гурхIелгун ялагьизе, сабру гьабизе, кIвар кьун хIалтIизе ругьунлъарай куц. Гьенибго бичIчIанила жинда жий тохтурлъун яхъине кколейлъи. Дагъмедакадемиялде цIализеги лъугьун, ккараб хIукму тIубазеги гьабунила.

Педиатриялде машгъуллъиги гьелъул, хадуб гIумруялъ бихьизабухъе, битIараб батана. ХIалбихьи щведал, гьелъ лъазабуна войта – терапиялъул методика ва ругьунлъана нервабазул гIадлу биххарал лъималазул батIи-батIиял унтаби сахлъизаризе. Мисалалъе, ДЦП, склероз гIадинал, мугъзал гьодалда ва цогидалги лугбазул загIиплъиялда хурхарал гIузраби тIагIинаризе.

Араб гIасруялъул 50 абилел соназда хIалтIизабулеб букIараб, чехазул тохтур, лъималазул невролог Вацлав Войтил цIар кьураб методикаги къабуллъун, Зулжат гьелда тIад хIалтIана. Методикаялъул аслияб рахъ букIана ДЦПялъ унтарал сахлъизаризе кумек гьаби.

– ГIемераб жо лъазе къеркьолев невролог хIисабалда Вацлав Войтица хIадурараб методика батана гIемерал рахъазда – неврологиялда, нейрофизиологиялда, онтогенезалда, биомеханикаялда, мануалияб терапиялда хIалтIизабизе данде кколеб методика, – абун бицана Зулжат Къебедовналъ. – Черхалъул батIи-батIиял бакIазда тIаде цун, ай рефлексалъулал точкаби ратун, нервабазул хIалтIи рекъезабизе кумек гьабула гьелъ.

## ВОЙТА-ТЕРАПИЯЛЪУЛ МАГIНА…

– Войта-терапиялъул аслияб магIна буго черхалда ругел бигьаго ва хехго черхалъе асар лъугьунел точкаби рати, – ян бицана республикаялдаго цохIо йигей врач – войто-терапевталъ. – Гьел точкаби ратун хадуб, лъимадул сахлъи лъикIлъизабиялъе кутакалда кумек ккола. Гьедин гьукъизе кIола гIузрабазул квешал хIасилаздасаги сакъатлъиялдасаги.

Зулжатил пикруялда рекъон, клиническияб къагIидаялда лъимал сахлъизариги кIудияб кIвараллъул иш буго. Гьедин гурони сахгьариялъе киналго лъикIал къагIидаби хIалтIизаризе данде кколаро. Бажари бугей тохтуралъ абулеб буго, жий гIелмиял цIех-рехазде тIаделъилалдего йикIанила медициналъул практикаги гIурай, лъараб жоялдаса ва цогидазул хIалбихьиялдаса пайда босизеги бажарулей, специалист. ГIемерал соназ хIалтIун йиго гьей республикаялъул лъималазул гIемерал профилазул больницалда. Хадуй ун йиго лъималазул реабилитациялъулаб больницалде. Гьениб, чанго рахъалъул хIалбихьи щун хадуб, гьелъие лечебнияб физкультураялъул кафедраялда кьун буго ЛФКаялъул тохтурасул сертификат.

Гьелъ гIемераб бицана Челябинск шагьаралда бугеб, гIицIго Россиялъул гурелги гIемерал къватIисел специалисталги цIализарулеб, Кинзерский централъул хIакъалъулъ. Гьениб бугила кутакалда цебетIураб центр ва гьениб цIи-цIиял къагIидабаздалъун бечед гьабулеб бугила лъимал сахгьариялъул методика. Гьединаб централъул кумекалдалъун хIадур гьарурал специалистазул кумек щолила захIматал унтаби къезаризе ва лъимал сахлъизаризе. Зулжат Къебедовна йосун йиго войта – клубалде ва гьеб кколеб буго Халкъазда гьоркьосеб гIуцIилъун.

– Войта-терапиялъ киналго унтаби къезарулилан абизе бегьуларо, – абун бицана гьелъ. – Амма гьелъул буго гIураб кумек. БатIи-батIиял точкабазде цун, сигналал гIадалнахуде ритIун, тIолабго черхалъул алгоритм багъа-бачаризабун ва рефлекторияб механизм хIалтIизабун кколеб хIасил буго гьеб методикаялъул.



Гъениб хIисабалде босизе ккоlеблъун букIуна лъимадул гIумруги, психикаги, гьесул къаркъалаялъул унтиялде данде къеркьеялъе бугеб къуватги, цогидабги.

Зулжат Кебедовналъ абуна лъимералъ лъабго сон базегIан гьеб методикалъул кумек гIезегIан щолила ва рес бугила лъимер тIубанго сахлъизабизеги.

Дица гьелда гьикъана, республикаялда войто-технологиялъул школа бугищилан

– ГьабсагIаталда медициналда руго гьеб методика хисулел цогидал къагIидабиги, – ян абуна гьелъ. – Щун буго чанги лъикIаб хIалбихьиги. Гьел хIалбихьиязда гьоркьоб мустахIикъаб бакI ккола войто-специализациялъги. Гьединлъидал, хIалтIи гьабулеб буго республикаялдаги гьелъул школа-центр рагьиялъе. Гьеб букIине ккола тIубараб къуваталда хIалтIулеб, нервабазул система цIакъго жагъаллъарал лъималазе кумекалъе хIадураб бакIлъун. Централда сах гьарурал лъималазул рес букIине ккола хадусеб реабилитациялъул курсал лъугIизеги. Гьединго гьенир эбел-эменги ругьун гьаризе ккола къваригIунел массажал ва цогидабги кумек лъималазе гьабиялъе. Войтил къагIидаялда терапия ккола цоцада рухьарал кумеказулаб къагIида. Гъениб цояб гьабун цогидаб тезе бегьуларо. ХIисабалде босизе ккола медициналъул чанго рахъ.

## БУКIИНЕСЕБ МЕТОДИКАЛЪУЛ АЛГОРИТМ

– ГьанжелъагIан щвараб хIалбихьиялъ ва лъаялъ рес кьола гьеб методикаялъул алгоритмал, лъималазул неврологиялда гурелги, чIахIиязул ортопедиялда ва неврологиялда хIалтIизаризе, – ян бицана Зулжат Къебедовналъ. Войтил терапия бокьараб ригьалда ругезе данде ккезе бегьулила, ччоборабазул нервабазул хIал рекъон кколедухъ батани. Жинда дандчIванила чанги захIматаб хIалалде ккарал пациентал ва гьениб психологиялъул хIужаялъ кIудияб бакI кколила. Лъимер сахлъизабизе бажариялда тохтурасулги эбел-инсулги таваккал ва божи гIунани, гьелъул хIасилги лъикIаб букIунила. Эбел-инсуда лъазе кколила жал лъимералдаги тохтурасдаги гьоркьосеб бухьенлъун рукIине кколелльи.

Сабурай ва кIвар цIикIкIарай Зулжат Къебедовна йиго унго-унгояй тохтур, гьелъие кIвар букIуна ахиралда кколеб хIасилалъул. Гьениб абуни хасаб бакI ккола тохтурасул бажариялъ ва тIалабалъ, гьесда технология хIалтIизабизе лъаялъ. Гьединго кIудияб кIвар буго бакIазда ругел тохтуразулги, гьез лъураб диагнозалда рекъон гьабизе ккоlелъул сахлъизариялъул курс.

– Тохтуразул профессионалияб даражаялда бараб букIуна аслияб кумек, – абун бицана гьелъ. – Тохтурасухъа бажаризе ккола, унтаби гIицIго гIадатлъун бильлъараб методикалда рекъон ва гьанже заманалъулаб технологиялъул кумекалдалъун гурел, гIадамал сахлъизариялъе деантология (рагIудалъун сахлъизари) хIалтIизабизеги.

МагIнаяб каламалъул, гIатIидаб лъаялъул ва кIудияб хIалбихьиялъул гIадан йиго Зулжат Къебедовна. Гьей гIедегIуларо гьикъаралъе жаваб гьабизеги ва лъала жинца бицунелъухъ ракI бан гIенеккизаризеги, бицунеб жо лъикI бичIчIизабизеги, ракI батуледухъ гIадамазе калам гьабизеги.

Халкъияб медицинаялъул хIакъалъулъ бицунагоги, гьелъ абуна гьеб бугила кIудияб бечелъи, амма жалго рагIизаризе бокьарал ва жидеего пайдаялъе хIалтIулел гIадамаздаги божун, гьелдаса пайда босизе бегьуларила. Гъваридго лъазабизе ккоlила ва тохтурлъиялъул хIалбихьи бугел гIадамазул кумекалдалъун хIалтIизабизе ккоlила. Войто-терапияги гьебго халкъияб методикалъул къучIалда лъугьараб къагIида бугилан абуна гьелъ. Лъалеб жо бугила массажаздалъун ва рукIкIби хIалтIизариялдалъун чанги захIматаб унти бахъулеблъи, ругила цогидалги церегоялдаса гIадамаз хIалтIизарулел «халкъиял» къагIидаби ва чанги букIунила гьанжесеб медициналда сахлъизабун бажарулареб унтиялъе кумек гьединаб рахъалдасан щвейги.

## ХЪИЗАН – ЛЪУГIЕЛ ГЬЕЧIЕБ ТВОРЧЕСТВО…

Нижер хабар цогидаб рахъалдеги буссана. Гьикъана дица гьелда хъизан-лъималазул ва рукъ-магIишаталъул хIакъалъулъги. Лъазе бокьун букIана унтаразе ракIги жанги кьолей гьелъул кинаб ахIвал-хIал сверухъ бугебали. Баянлъана, хIалтIи-ишалдего гIадинаб, жавабияб ва хинаб бербалагьи гьелъул хутIараб щиналдехунги букIин.

Хъизангун цадахъ Зулжат Къебедовна гIемер щолей йиго гIагараб Гуни росулъе. Гьениб гьелда ракIалде щолеб буго жиндирго лъимерлъи, кIудияб хъизан, гIагарлъи, эбел-эмен. Ковидалъ унтун хварай эбелалда хадуйги жеги гIодулей йиго. Жиндирго хъизанги гьелъие хасаб дунял буго. Рос ХIайбула ХIамзатович вуго РАНалъул Дагъистаналъул гIелмияб централъул архитектураялъул ва этнографиялъул Институталда хIалтIулев, гIелмабазул доктор.

– Унго-унгояв гIалимчи вуго, – ян гьимана Зулжат Кебедовна, росасул бицунаго. Яс СубхIанатица тIаса бищун буго дизайнералъул махщел ва гьеб ишалда лъикIаб бажариги бихьизабулеб буго. Рос-рукъалдаги йиго. Эбел-инсуе рохалие, дагьай цее гьелъие гьаюн йиго яс Дайгьанат. МухIамадсалихIовазда лъала заманалъул къимат гьабизеги. Гьелъул магIна кколаро кидаго хIалтIулел рукIунин абураб. Руго гьезул рекIелгъеялъе ва хIалхьиялъе гьарулел ишалги. ГIемерал цIалдола, хъизаналъул цадахъал дандеруссинал гьарула, гIагарлъиялде ва гьудул-гьалмагъзабазде тIаде-гъоркье щола. Гьеб гурищха талихI…

**ГIАйшат ТАЖУДИНОВА**

ISSN 0132-9626



# ДАГЪЫСТАНЛЫ КЪАТЫН

4/09




# БАКЪНАЗУЛ КУРКЬБАЗДА КВЕГЪАНА ДУНЯЛ

Умразият Арбуханова – машгьураб цIар! ГIажаибго берцинаб гьаракь, лъикIаб кочIол тIагIам, кутакаб актералъулаб гьунар, аваданлъи ва рекIелъ йосизайизе бажари - кинабго буго гьелъулъ.

Россиялъул мустахIикъай артистка, Ленинградалъул консерватория лъугIизабурай, Дагъистаналъул операялъул ва балеталъул театралда аслияв ролал хIалей, ДГУялъул культураялъул факультеталъул мугIалималъул хIакъалъулъ нижеца «МагIарулай» журналалда анцIила щуго соналъ цебеги хъван букIана. Щиб долдаса хадуб гьелъул гIумруялда хисарабали Умразият Юсуповналъ бицана гъираялда.

Гьейгун гара-чIваризе иналде дица доб цебесеб макъала цIалана ва тIаде цIияб жо цIалдолезе рагьулел суалал кьуна.

- Долдаса хадур арал соназда гIемераб хиса-баси ккана: хисана гIадамазул классикиял бакъназдехун бугеб бербалагьи, гIуна гьелъие ругьунаб гIел. ГIемериселъ гьеб букIана Республикаялда операялъул ва балеталъул театральги, Дагъгосфилармониялъги, маданияталъул министерствоялъул учреждениязги академическиял бакънал цIикIкIун тIиритIизариялъул хIасиллъун. Гьеб рохизе ккараб хIужаги буго.

ЦIилъана театралъул репертуар: классическиял асаразда цадахъ гьенире жанире рачана Мурад Кажлаевасул мюзикл «Валида», фольклоралъул кьучIчIалда гIуцIараб спектакль «Навруз», Аида Джафаровалъул музыкалияб маргьа «Дюймовочка», - ян бицана Умразиятица.

**– Дагъистаналъул операялъул ва балеталъул театралъ щиб кьураб дуего ва Дагъистаналъе?**

- Республикаялда операялъул театр камиялъ нилъ нахъе ккаралльун рукIана

гьеб рахъалъ. Кинаб тахшагьарха букІинеб жаниб операги балетги гьечІеб. Нилъер театралъ МахІачхъала унго-унгояб тахшагьарлъун лъугьинабуна.

Диего абуни театр ккола кІиабилеб гІумру. Дун гІахьаллъана байбихьаралдаса гьелъул гІуцІиялъулъ ва нижее гьеб хІалтІизаби кІвар цІикІкІараб ишлъун ккола.

**– Бакъназ долгойищ рокьулел яги хисараб жо ккарабищ долдаса хадуб?**

– КкечІо, дие церегогІадин классическиял бакъназ рокьула.

– Цоги кинал бакъназухъ мун гІенеккулей? Университеталда хІалтІулагоги гІолохъабазда гьоркьой йикІунги цІиял, гьанжесел бакъназдехун гІагарлъичІейищха мун?

– Гьай-гьай, гІенеккула дун гьанжесел бакъназухъги. Студентазул репертуаразулъги руго нилъер заманалъул ва классическиял бакъназ. Дун студентазухъги гІенеккизе кколелъул, гьезие къабуллъулел бакъназул къиматги гьабичІого гІоларо.

**– ГІолохъанаб гІелалда классическиял бакъназ ричІчІулищ? Попсаялъул ва гьадингосел бакъназул заман букІана 90 соназдаса культураялда ханлъи гьабулеб, доб заман арабищ?**

– Дун опералъул ва балеталъул театралда байбихьудасаго хІалтІулей йиго. Гьединлъидал дида бихьула дагъистаниязул бакъназдехун бугеб бербалагьи ва гьеб хисулеб бугеб куц. Божула операялъул театрги нилъеразе ругьунаблъун лъугьине букІиналда. Нижецаги гьелъие кІвараб хІаракат бахъулеб буго. Гьединго цогидал театразги. ЛъикІаб бакъаналъухъ гІенеккизе лъайги культураялъул гІаламат ккола ва гьелде ругьун гьаризе ккола хадусел гІелал. Нижер мурад буго лъикІал спектаклялги лъун, гьенир лъикІ ролалги хІан, гІадамал театралде цІай…

**– Кинал постановкаби дуда лъикІ ракІалда хутІарал?**

– ХІасановасул опера «Хочбар». Партия Асият. Дие гьезул хасго кІудияб кІвар буго, гьел рукІана дица дагъистаналъул театразда хІарал тІоцересел ролал. Бокьула гьединго Наби Дагьировасул «Ирчи Хъазахъ» оперáлда хІараб партия Сапият, Мурад Кажлаевасул «Валида» ва цогидалги. Щибалъул буго дир рекІелъ жиндирго бакІ.

**– Мунго унищ концертазде, фестивалазде?**

– Уна. Кидаго бокьула батІи-батІиял бакъназ рагІизе, профессионалиял музыкантазухъ гІенеккизе.

**– Мун гурони рагІичІо, Дагъистаналъул Халкъияй абураб цІарги гьечІого, Россиялъул мустахІикъайлъун яхъарай артистка. Гьеб кин гьедин ккараб?**

– Россиялъул мустахІикъай артистка абураб цІаралъе дун йихьизаюна Дагъистаналъул Пачалихъияб Советалъул председательлъун вукІарав МухІамадгІали МухІамадовас, республикаялъул творчествоялъулаб интеллигенциялъ рахъги ккун.

**– І5 соналъ цебе дуца абун букІана хІалтІудеги гьирагъун унила хІалтІудаса рокъоеги гьираялда ячІунилан. Гьанжеги гьедин бугебищха?**

– Буго, – абун, цеего гІадин гьимана Умразият. Дие кутакалда бокьула дирго иш-пиша. Бокьула театр, рокьула студентал. ЦІалул соналъул ахиралда йохизеги гьаюла дун классалъул гьунар бугел гІолилаз.

Лъалищ, хІалтІиги гІумруги нилъ разияб хІалалда ине ккани букІине ккола хъизаналъул хІалрекъараб къагІида. Дие киналъего гІемераб кумек щвана мунагьал чураяв рос МухІамад Шамсудинович Арбухановасул, дица гьесие кидаго баркала кьола. ЛъикІав тохтур – фтизиатр, гьесда лъикІ бичІчІулаан дир творчествоялъул тІабигІат, сундулъго дир хІаракаталъул рахъги кколаан, дидасаги чІухІулаан.

**– Цебесеб гара-чІвариялда «Цоги щиб нижеца гьикъизе дуе бокьизе букІараб?» абун суал кьедал, дуца абун букІана: «Киналлъун дирго лъимал рихьизе бокьилаанилан?» Мурадалде щварайищ?**

– Щвана. Щивасда батана жиндирго профессионалияб нух ва дица гьезул рахъ ккола.

**– Дур нухдасан анищ гьел? Кинал профессиял гьезда лъикІ рихьарал?**

– Дир нухдасан гьел инчІо. КІудияй яс ккола лъималазул коррекциялъулай психолог, вас хІалтІула МВДялда, гьитІинай яс – тохтур-офтальмолог.

**– Щиб гьарилеб дуца Дагъистаналъул руччабазе?**

– Классическиял бакъназ ккола гІакълудал ва гьайбалъиялъул хазина. Гьез бацІцІад гьабула ракІ. Бокьилаан нилъер руччабазда жидеего заман батизе, берцинал бакъназухъ гІенеккизе, берцинаб тІабигІаталъухъ ралагьизе, берцинаб гІумру бихьизе ва жидерго ракІал берцинаб щиналъул цІезаризе.

**Виолетта РАТЕНКОВА**





# «НУЖЕР КВЕРАЗЕ АЛЛАГЬАС САХЛЪИ КЬЕГИ!»

БагIарараб, хъуй гIемераб, хIурул цIураб шагьарги тун магIарухъе унаго, рохалил асаралъ цIолеб букIуна нилъер ракI. Гьединаб асаралда гъоркь хъван ратилин ккола Пушкиницаги гьал кочIол мухъал:

> *«Кавказ гъоркьехун тун, борхалъуда дун*
> *Кьурул гIосода тIад эхетун вуго.*
> *РикIкIад магIардаса пархунги бачIун*
> *МугIрул цIумалъ тIаван гьабулеб буго».*
> *Гьаб нухалъги букIана гьедин…*

ЦIакъ гIемерал цIумал рукIана гьенир. Гьел роржанхъилел рукIана Гьази – Гъумухъ гIурул мухъалда тIад. Давла бихьун лъаларо, цоцалъ къец бан лъаларо, речIчIараб гамачI гIадин унел рукIана гIодоре рортун ва рахъун рачIунел рукIана тIаде.

МагIарухъе нухда ракIалъе лъикIаб асар гьабула накалде бахараб харицаги, гIурчинаб мегIер-гIалахальги, сверухъ рихьулел гIемерал найил тIалаязги, чуязда расандулел гIолилазги. Гьанже гьеб киналдего тIаде, нухазда ратула рекIине кьолел мотоциклал ва цогидал гирулел жал. Гьел гIодор регунги хутIулел гьечIоан. Лак ва Кули районазул ракьалдасан унаго, нижеда цереги нахъаги камичIо хъудулаго хьвадулел мотоциклал.

Нижер сапар букIана Гъумухъалдаса Кулиялде. Аслияб мурадги гьелъул кколаан гьенир гIумру гьабун ругел, нилъее кванил нигIматал чIезарулел гIадамазул гIумру-яшав бихьи ва фермаялде щвей.

Кули районалъул центр Вачиялда нижеда дандчIвай гьабуна муниципалитеталъул БетIерасул заместитель А. С. Давдиевас. Гьес Буньямин Аминовасул цIаралда бугеб СПКялъул председатель Чупалав Къурбановасда тIадкъана ниж Хосрехалъул цо фермаялде щвезареян.

Хосрех – ккола тарих бечедаб росу. Гьеб буго Чаранех ва Виралю гIорал журалеб бакIалда. Росда сверухъ руго Дюльтидаг, Кокмадаг ва Шунудаг мугIрузул тIогьал. Росдал цIар бухьинабулеб буго анлъабилеб гIасруялда Персиялъул вукIарав пача, Дагъистаналдаги шагьарал раравилан рикIкIунев Хосров Анушированида. Гьениб гIумру гьабула кверда махщел бугел, гIи-боцIи хьихьулел ва ах-хур гьабулел гIадамаз. Руго хосрехалъулазда гьоркьор машгьурал композиторалги, хъвадарухъабиги, шагIирзабиги, гIалимзабиги…

Районалда гьечIо фабрик-заводал, промышлениял магIишатал, амма буго цо бечелъи – бечедаб ракь, гьелъ хьихьулаан церехун кидаго гIадамал. Дагъистаналда ватиларо чи Кулиялъул хIанилги Хосрехалъул картошкадулги хIалбихьичIел. Гьел рикIкIине бегьула Дагъистаналъул брендаллъун! ГIадада гурелъул базаралда гьел саламатго хираго росулел гIадамаз.

Гьале, щвана ниж, Ариялу абураб бакIалда, рикIкIадегIан бугеб цо фермалде. Гьединал фермаби Хосрехалда ункъо руго ва гьезда гьоркьоса цояб ккола жалго бетIергьанаб. РакIалдаго гьечIого рачIарал гьалбал рукIаниги, ниж гьенир цIакъ лъикI къабул гьаруна. Бицана гьенире гIемерал туристал

рачIунел ругила ва гьединго мадугьалихъ бугеб Рутул районалдаса чагIиги камуларила хIанида хадур рачIунел. Гьединлъидал жал гьалбал камун рукIунарила ва кидаго рохарал ругила гьел къабул гьаризейилан абуна гьез.

ГIатIидаб рагъида гьогьоми букIана. Фермаялъул бетIергьанасулгун гара-чIвариялъе рокъоре жанире лъугьана. Хурдузул чайги гьекъон хабаралде руссана. Гьениб къеда бан бугоан гIиял тIохьол гьабураб къокъаб хъабарча, тумаз рахIуйилан абулеб бугоан гьелда. Хасало гьенир гьеб гьечIого тIуралел гьечIо.

Дида ракIалде щвана гIагараб росулъ лъимерлъи, кIудадал рукъ, тах, хъубчул… Вацилу щобалда аскIоб букIараб колхозалъул ферма. КIодоца, къаси гIачи речIчIизе унелъул, дун гьение цадахъ ячунаан. Вай дие бокьулеб букIараб куц гьел гIачи речIчIулеб куц. Мех – мехалда кIодоца дунги йиччалаан гьел речIчIизе, ругьун гьаюлаан жиндирго ишалде ва дун гьелда аскIоса ягъаруларoан. Дица бечIчIун хадуб гьебги рагIалде бахъинабун, кIодоца берцинаб махIалъул вазелин бахунаан гIакдал моцIцIабазда, бечIчIараб рахь бацIцIадаб тIеренкатнида жанисан цIцIулаан ва къабул гьабулеб бакIалде щвезабулаан.

– Ниж, ункъабго хъизан, гьанир тIубараб лъагIалица рукIуна. Жакъа Аминат Рамазанова гьечIо, гьей МахIачхъалаялде берталъе ана, - ян бицана доярка Фаира ГIабдуллаевалъ. – Фермалда руго анцIго батIи – батIияб гIелалъул лъимал, гьел школалде раччизе автобусги буго. Гьанже гьел каникулазда, цоял росулъ цоял щагьаралда руго. ЦIалул сон байбихьилалде киналго гьанире руссуна. Ниж киналго руччаби ккола дояркаби, нижер росал руго гIухьби. Нижер бригадир вуго дир рос Ахъай. Радал речIчIун хадур гIачиял магIарде уна ва къаси речIчIизе заман щвелалде рокъоре рачIуна.

**– Хасалогийищ нуж гьанир рукIунел? Квачаларищ? ЩартIал ругищ?**

– Уха, хасалоги. Нижер киназулго рукъзал руго росулъги шагьаралдаги, амма гIачиял хасалоги хьихьизе ккоелелъул, ниж гьанирго чIола, - ян гьимана Фаира. – ГIезаризе ккола бачал, гьабизе ккола хIан. Гьаниб буго телефон, телевизор, къваригIарал нигIматал росулъа рачIуна ва гIумру квешаб гьечIо.

**– БацIал ругищ? Гьез боцIи чIваларищ?**

– РукIуна чанги чIварал хIужабиги. ГIадамазде рортунгутIи буго талихI…

**– Чан гIака бугеб рохьдолъ?**

– НусгогIанасеб гIака буго, - ян абуна Хадижат Чавтаровалъ. Гьей йиго гьений бищунго кIудияй доярка.

– ГIачиязул рахьдал гьабула нижеца хIан, тIорахьги гIицIго нижее къваригIараб гурони бахъуларо. Гьеб цIунизе рес гьечIо. Нахги нижееего гIураб гьабун тола. Рохьдолъ нижерго гIачиялги ругелъул. Нижер хIан бокьула гIадамазе тIорахь батIа гьабичIеб ва бадакодул реччебалда гьабураб букIиналъ. Колхозалъ цадахъго хIан босизе рачIунел чагIазулгун къотIи букIуна хъван ва гьел анкьида жаниб кIиго нухалъ рачIуна гьеб босизе.

**– Чан гIакаха нужер щиялъ бечIчIулеб? ЗахIмалъуларищ хIалтIи?**

– ХIалтIи кинабгIаги бигьаяб букIинищха? – абун гъуждул гьанкIана дояркаялъ.

Гьеб мехалда тIаде ячIана Шагьун. Гьей йигоан Ахъайил вац Шевелинил лъади ва ячIун йигоан хIанида хадуй.

– Гьаб партия ине буго Къасумкенталде. Кулиялъул хIан кибго къиматалда буго, - ян абуна Хадижатица.

Нижецаги босана гьениса нижееего рокъобе хIан. Базаралда ва тукабазда бихьулелдаса гьеб батIияб къагIидалъ къарабги бугоан. Дора горал рукIуна, Хосрехалъул хIан ункъбокIонаб ва гIезегIанго тIагIамаб бугоан.

***«Кверал чIахъаги!», – ян абула магIарулаз, захIматалъухъ баркала загьир гьабулелъул. Нижги гьениса нахъе ана гьенир ругел захIматчагIазе, магIарухъ ругьунаб ва гIаммазе пайдаяб иш цIунаралъухъ, хадусел гIелалги гьелде ругьун, гьаруралъухъ, рахьдал мацIги гIадат-гIамалги кIочене течIелъухъ, гIагараб ракьалде бугеб кIудияб рокьиялъухъ ракI-ракIалъулаб баркалаги загьир гьабун.***

**Ажа ГІАБДУРАХІМАНОВА**





# БАКЪУЛ НИГIМАТ – ТIАБИГIАТАЛЪУЛ САЙГЪАТ!

**Хасало нилъее цIакъго гIоларого букIуна хинлъиги бакъги! БагIарараб рииги ракIалде щун, ЦIияб соналда цебе цIалдолезе сайгъаталъе букIине гIадин, нижеца нахъе цIунун тун букIана, машгьурав цIолбохъан, Табасаран районалъул Дюбек росулъа ГIабдулмалик Къурбановасулгун, жеги рии лъугIичIеб, цIолбол бачIин бакIарулеб гIужалда гьабун букIараб гьаб гара-чIвари.**



КIудияб магIишаталъул нухмалъулев, нусго гектаралда бугеб цIолбол ахил бетIергьан, ГIабдулмалик Къурбановас ва гьесул лъади, гьебго магIишаталъул нухмалъулей ва божарай кумекчIужу, Зулейхатица нижее лъикIаб дандечIвай гьабуна. Гьейги ятана нижеда бухIараб бакъукь, цогидал хIалтIухъабиго гIадин, цIолбол ахикь хIалтIулей.

Рос-лъадуца бицана жидерго захIматаб амма бокьулеб хIалтIул ва яшавалъул хIакъалъулъ.

**– Кидал нужеда бичIчIараб цIибил гIезаби – гьеб нужер иш букIин?**

– Дида гьеб гьитIинаб къоялдасаго бичIчIун букIана. Гьединлъидал цIализе киве инев абураб суалги букIинчIо. Щуйилазда лъугIизабуна Дагъсельхозинститутаналъул пихъазулгун цIолбохъанлъиялъул факультет ва вахъана агрономлъун. Нижер букIана кIудияб цIолбол совхоз. Амма цIигьабун гIуцIиялъул соназда нус-нус гектарал ракъвазе тана. ЧIобоголъана гIалах. Дир абуни кIудияб божильи букIана Дагъистаналда цIолбохъанлъи цIилъиялда. Гьедин ккезеги ккана. Жакъа, цебего гIадин, гIатIидго гIезабулеб буго цIибил ва гьеб рахъалъ Россиялда Дагъистаналъ кIудияб бакI ккола. Дун вохарав вуго гьениб цо бутIа дир захIматалъулги букIиналдаса.

**– Кидаха нужеца байбихьараб нужеего хIалтIизе?**

– КъогогIан сон буго нижеца магIишат гIуцIаралдаса. Жакъа нижер хъизаналъе цIолбохъанлъи ккола бетIербахъиялъе цадахъ гьабулеб иш. Гьалъ хьихьун руго ниж ва гьалъие кьураб буго гIумру.

**– ЦIолбол кинал сортал нужеца гIезарулел?**

– Нижеца гIезарула техническиял ва столовиял сортал. Ахирал

соназ столовиял (кваналел) сортал гIезарулел руго, гIадамаз гIемераб хIалтIизабулеб буго жибго цIибил. Нижер буго анцIила цо батIияб сорт кваналеб цIибилалъул ва анкьго батIияб техническияб, чагъир бахъулеб цIибилги. Мисалалъе техническиял: Рислинг, Ркацителли, Каберне, Совиньон ва цогидалги. Столовиял сортазул бищунго тIагIамал руго – Ливия, Атика, Молдова, Юбилейный, Новочеркасский – Донской, Цитроний Могарыча, Агадай, Кишмиш венгерский. Бичизе нижер цIибил уна улкаялъул киналниги субъектазде, чагъирги коньякги гьабулел заводазги босула.

**– Нужеца хIалтIи цебего гIадинищ гьабулеб яги цIиял къагIидабийищ хIалтIизарулел?**

– Гьанже цебесеб къагIидаялъ хIалтIун данде кколаро, гьелъул хIасил лъикIаб букIунаро. Гьединлъидал нижеца цIиял къагIидаби хIалтIизарула.

Дида лъала гIемерал селекционерал, щибаб соналъ гIахьаллъула цIолбол церелъеязда, гьенир рихьула цIи-цIиял сортал. Гьел нижеего росула ва нижер сортал дозда рихьизарула. Дица цIолбол сортал рачIана Сербиялдаса, Венгриялдаса, Молдовалдаса, Ростовалдаса, Краснодаралдаса, Крымалдаса ва дагъистаналъул районаздаса.

ЦIолбоде тIадеги нижер буго щугогIан гектаралда гIечулги гранатазулги ахал ва I8 гектаралда ролъул культураби.

**– ЦIолбол сортазул бищунго къиматаб жо щиб кколеб?**

– Аслияблъун рикIкIуна чIахIалъи, тIагIам ва сорт букIине ккола сахаб, унтабазукьа къолареб, цIорой хIехьолеб ва хIутIаз хвезабулареб. Амма гьеб кинабго рахъ рекъараб сорт батизе захIмалъула.

**– ЦIолбохъабазда дандчIвалел аслиял захIмалъаби киналха ругел?**

– Аслияб захIмалъи нижее буго цIибил батIи-батIиял унтабаздаса цIуни. ГIемерисел цIолбохъабазги абула цIолбол бачIин камиялъе гIилла гIицIго гьеб кколилан.

**– ЦIолбол бизнес гьабизе заман анагIан захIмалъулебищ бугеб яги бигьалъулебищ?**

– Гьеб гIемераб бугони бичахисиялъул захIмалъи буго. ЦIолбол ахал гIатIилъизаризе бокьани, кибе гьеб гIатIид гьабилеб абураб суалалда тIадги ургъизе ккола. Нижер абуни жакъа буго гIицIго лъабго юк баччулеб машина

**– ЦIибил гIезабизе ракIалде ккаразе кьезе гIакълу кинабха нужер бугеб?**

– ГIемерал рукIуна нижехъе гьеб гIезабиялда хурхарал суалалгун кIалъалел гIадамал. Амма гIемерисез гьикъулеб жо букIуна кинаб сорт цIолбол гIезабизе лъикIаб букIунеб абун. Руго нижер гIемерал бакIалде данде кколел сортал, квешал сорталги гьечIо, амма базаралда гьезул багьа гIодобе унеб буго, цогидал чIахIиял сортазде данде гьел кколел гьечIо гьанже.

**– Дур лъади кидаго аскIой йикIуней йиго, рокъойги хIалтIудаги, бицеха нужер хъизаналъул хIакъалъулъги?**

– Унгоги, Зулейхат дие гIицIго лъади, лъималазул эбел ва лъикIай хозяйка гурейги, божарай пишацояйлъунги ккола. Хъизанги нижер щулияб буго. КIикъого сон бана нижеца цадахъ. Дие гьей абун йикIана жеги микьабилеб классалдаго, ункъо соналъ чIчIана гьей гIезегIан. Дие Зулейхат кидаго йикIана киназдасаго берцинайги тIокIайги, гьанжеги гьединайлъун йиго. Нижер буго ункъо лъимер ва гьезулги анцIила цоял гIолел руго.

**– Лъимал нужгун цадахъ хIалтIулел ругищ яги гьез батIияб пишайищ тIаса бищараб?**

– Нижгун вуго бищун гьитIинав вас МухIамад. ЦIикIкIарав Даниял ккола МВДялъул хIалтIухъан, кIудияй яс – учитель, гьитIинай – тохтур.

**– Росуги тун шагьаралде рахъине ва цогидаб бигьаяб ишалде разе хивалал гьаричIищ нужеца?**

– ГьабичIо кидагIаги. Нижеца гIумру гьабулеб буго бацIадаб тIабигIаталда. ЦIолбохъанлъиялде тIаде Зулейхатица гьабула рукъалъул магIишатги. Буго гIака, гIиялъажал, гIанкIуял. Росулъ гьел гьечIого тIураларо. Кинабго нижецаго гIезабула!

***Гара-чIвариялъул ахиралда, макъала ЦIияб Соналде кьезе букIинги хIисабалде босун, ГIабдулмалик Къурбановас Дагъистаналъул руччабазе гьарана цIибил гIадинаб гьуинаб гIумруги гIемераб рохелги.***

**Виолетта РАТЕНКОВА**



# Дагъистан чIухIарал



**Зайнаб Салмановна ГIУМАРОВА**

ГIумарова Зайнаб Салмановна гьаюна I980 соналъул 26 сентябралда Казбек районалъул Гуни росулъ.

I997 соналъ, гIагараб школаги лъугIизабун, цIализе лъугьана Дагъистаналъул пачалихъалъул педагогикияб универститеталде филологияб факультеталде ва 2003 соналъ багIараб дипломгун лъугIизабуна.

2004 соналъ байбихьана хIалтIизе Дагъистаналъул пачалихъалъул педагогикияб универститеталда дагъистаналъул мацIал ва адабият лъазарулеб факультеталда. 2009 соналъ, филологиял гIелмабазул кандидатлъиялъул диссертацияги цIунун, 2009-20I3 соназ хIалтIана деканасул заместительлъун. 20I3 соналдаса байбихьун, жакъа къоялде щвезегIан хIалтIулей йиго гьеб факультеталъул деканлъун.

20I4 соналъ бергьана ХI.МахIачевасул цIаралда бугеб фондалъул «Миллияб театралъул кружок «Дагъистаналъул годекIан» грант.

ГьабсагIат хIалтIилей йиго «Расул ХIамзатовасул творчество: мацIалъул ва культура цебетIеялъул жанисел хаслъаби лъазарулеб рахъ» - абураб докторлъиялъул диссертациялда тIад.



**ПатIимат ГьитIиновна ГЬИТIИНОВА**

ПатIимат ГьитIинова гьаюна Шамил районалъул Гьидалъ. ТIадегIанаб филологияб лъай щвана ДГПУялда. 90-абилел соназ ПатIимат хIалтIана МахIачхъалаялъул № 8I ясли-ахалда тарбиячIужулъун ва 2000 соналдаса республикаялъул «ХIакъикъат» газеталда. 2002 соналъ гьей тIамуна газеталъул культураялъул отделалъул нухмалъулейлъун ва тIадкъана «Гьидалъ» газеталъе редакторлъи гьабизеги.

2008 соналъ Шамил районалъул нухмалъулез ПатIимат ГьитIинова ахIана районалъул «Информцентралъе» нухмалъи гьабизе ва 20II соналдаса нахъе «Цолъи» газеталъул редакторлъун тана.

ПатIимат ГьитIиновалъ жигараб гIахьаллъи гьабула республикаялъул жамгIияб хIалтIулъ. ЙикIана «Миллат» газеталъул редколлегиялъул членлъун. МустахIикълъана «Дагъистаналъул культураялъул мустахIикъай хIалтIухъан»- абураб цIаралъе ва гIемерал цогидал шапакъатазеги.

2020 соналдаса ПатIимат ГьитIинова хIалтIилей йиго «ХIакъикъат» газеталъул рухIияб хазинаялъул отделалъул нухмалъулейлъун.



**Залиха Идрисовна ИДРИСОВА**

Залиха Идрисовна гьаюна ва гIуна Болъихъ районалъул Хелекьури росулъ. I982 соналъ цIализе лъугьана ДГПУялъул дошкольнияб факультеталде. ИчIго соналъ лъималазул ахикьги хIалтIун, Дагъистаналъул лъай цебетIезабиялъул институталде ахIана. Къоло кIиго сон буго Залиха Идрисовна, лъималазул ахикь тарбияги лъайги кин кьелебилан абураб суалалда тIад, гьеб институталда хIалтIулей йигеладаса. Хасго гьелъ кIвар кьола лъимал гаргадизе ругьун гьариялде, гьезул калам бечед гьабиялде. ТIоцере гьелъ хъвана ясли-ахазе магIарул калам цебетIезабиялъул дарсал, цIализе, хъвазе малъиялъе хIадурлъиялъул тIахьал.

Залиха Идрисовна йиго педагогикиял гIелмабазул кандидат. Гьей мустахIикълъана «Россиялъул лъайкьеялъул хIурматияй хIалтIухъан» абураб цIаралъе ва цогидалги шапакъатазе.

Жиндирго росу-ракьалде бугеб Залихал рокьул нугIлъун буго М.Г. ХIажиевгун цадахъ бахъараб «МугIрузда тIад, накIкIазда гъоркь» абураб тIехьги.

# магIарул ясал



Муслимат МуртазагIалиевна
МУРТАЗАГIАЛИЕВА

Лъабго лъимадул лъикIай эбел Муслимат МуртазагIалиева гьаюна ЧIарада районалъул Гьилиб росулъ Дагъистаналъул мустахIикъав гIи-боцIухъанасул хъизаналда. Муслиматил эмен Жарулаев МуртазагIали вукIана СССРалъул Верховный Советалъул депутатлъун. Муслиматил буго педагогиябгун экономическияб лъай. Гьей чанго ахIиялъ йищана районалъул Собраниялъул депутатлъунги, мустахIикълъана Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул ХIурматияб грамотаялъеги.

20I7 абилеб соналъ Муслимат МуртазагIалиевна тIамуна ЦIуриб росдал ясли-ахалъул нухмалъулейлъун. Гьелъ нухмалъи гьабулеб мехалъ, ЦIуриб ясли-ах мустахIикълъана, Дагъистаналда тIобитIараб, «Бищунго лъикIал шартIал гIуцIараб ясли-ах», - абураб хIурматияб цIаралъе ва шапакъаталъе.

Муслиматил нухмалъиялъе бугеб махщел загьирлъидал, 2020 соналъ гьей йищана ЧIарада районалда бищунго кIудияб муниципалияб гIуцIи – ЦIуриб росдал бегавуллъун. Гьелъ гьеб хIалтIи тIадегIанаб даражаялда цебе бачунебги буго.



Маржанат Ханмирзаевна
ХIАЖИАХIМАДОВА

Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул дагъистаналъул халкъазул адабияталъул кафедраялда хIалтIулей йиго, филологиял гIелмабазул кандидат, доцент ХIажиахIмадова Маржанат Ханмирзаевна.

Гьей гьаюна Хасавюрт районалъул Сивухъ росулъ мугIалимзабазул хъизаналда. Гьелъул кIудияв эмен Аххубеков ПатахI Дибировичги вукIана, лъималазул рукъалъул, школалъул директорлъун гIемерал соназ хIалтIарав, мугIалим. 1986 соналъ гIагараб росулъ гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, Маржанат цIализе лъугьана ДГУялъул филологияб факультеталде. Х1алт1изеги гьенийго ч1ана.

2001 соналъ Маржанат Ханмирзаеванлъ цIунана ГIабасил МухIамадил хъвадарухъанлъиялда т1асан диссертация, 2003 соналъ гьелъул къучIалда бахъана т1ехь. З. З. ХIажиевагун цадахъ «Авар адабияталъул тарих. 1920-50 сс.», Р. М. Кельбехановгун цадахъ «Дагъистаналъул адабият» тIахьал ва 100 ялдаса цIикIкIун макъалаби рахъана басмаялда. Гьанже Маржанат Тахо-Годил ц1аралда бугеб г1елмияб институталъул адабияталъул сектоялдаги х1алт1улей йиго.



ПатIимат ИсмагIиловна
МУХIАМАДОВА

ПатIимат ИсмагIиловна гьаюна Шамил районалъул ГьентIаб росулъ гIиял вехьасул хъизаналда. Эмен - ИсмагIил вукIана тIоцебе росулъе машинадул нух бахъарав, трактор бачунев чи. Эбел – Булбулица, лъикIаб тарбияги къун, гIезабуна анкьго лъимер ва гьел лъикIал хъулхъаздаги руго.

ПатIимат школа лъугIун хадуб цIализе лъугьана ДГУялъул дагъистаналъул филологиялъул факультеталде. БагIараб дипломгун гьебги лъугIизабун, 2005 абилеб соналъ гьенийго аспирантураялде цIализе лъугьана ва лъабабго кандидатазул экзаменги къуна.

ПатIимат ИсмагIиловна I8 соналъ хIалтIана дагъистаналда бищун лъикIаздасан цояблъун рикIкIунеб МахIачхъалаялъул 39 Лицеялда, байбихьул классазул ва авар мацIалъул мугIалимлъун. ГьабсагIат ПатIимат хIалтIулей йиго шагьаралда рагьараб цIияб 6I абилеб школалда. ПатIимат йиго 20 соналъ гьоркьоса тIечIеб тIадегIанаб категориялъул учитель ва гьединго руго рикIкIун хIал кIоларел гIемерал шапакъаталги.

## *Ниж чIухIула нужедаса!*



Дагъистаналъул, васал гурелги, ясалги руго бахIарчиял. Гьезул бахIарчилъиялъул хIакъалъулъ нилъеда гIемер цIалана АхIулгохIил къисабазда. Гьал къояз киса-кибего тIибитIана Хунзахъ районалъул ЦIалкIитIа росулъа медицинаялъул хъулухъалъул сержант ГIабдуразакъова Асият АхIматIовна Жуковасул орденалъе йихьизаюн йигилан абураб рохалилаб хабар. Спецоперация байбихьаралдаса руго нилъер ясал медицинаялъул хъулухъалда Украинаялда. Жиндирго рекIел ахIиялъ рагъулаб хъулухъалде арай, рагъулай медсестра цее чIедал, гьал кочIол рагIаби щвана ракIалде:

*- Рагъухъан, рагъухъан, ругъун киб щвараб,*
*Дица катан къала, дарман гьабила…*

Асиятидеги хъвана кучIдул. Бицана гьелъул бахIарчилъиялъул, хвасар гьарурал рагъухъабазул, гулил цIадакьги гIарадабазул цIадукьги рагъулай медсестраялъул жигаралъул. Асиятида шапакъатги баркун, «МагIарулай» журналалъул редакциялде, Россиялъул журналистазул ва хъвадарухъабазул союзазул член, ЗахIматалъул ветеран ТIалхIат Ахъбердиевас бачIараб гьаб кечI киназго цIализе мустахIикъаблъун бихьана нижеда.

*Редактор*

***ТIалхIат АХЪБЕРДИЕВ***

ГьитIинабго росулъан
Баккараб кенчIолеб цIва,
Дагъистанго чIухIарай
БахIарчияй гIолилай.

АхIулгохIда ягъарай
ГIашилтIаса Ханзадай,
Цее паркъана дида
Дур хIакъалъулъ бициндал.

ВатIаналде къо ккедал
КъвакIун церехун арал,
БахIарзал гIемер руго
Нилъер Дагъистаналда.

Нацисталгун рагъулел
Рагъухъаби цIунизе,
КIвар цIикIкIараблъун буго
Дуца гьабулеб хъулухъ.

«Дун гьаний хIажат йигин» -
Дуца абураб рагIи,
Гьеб гурищ бахIарчильи,
Пикру гьабураб мехалъ.

МугIрузда жаний гIурай,
Гьайбатай магIарулай,
ТIаргъикь гъалалги гурун
Рагъда жий гIахьаллъарай.

Ниж рохизе гьабураб
Лъугьа-бахъинлъун ккана,
Дуе кьураб шапакъат –
Къимат жиндир кIудияб.

Машгъурав маршаласул
Жуковасул цIар бугеб,
Медаль каранда базе
МустахIикълъарай сестра.

Досул армиялъ гурищ
Берлин босун букIараб,
Бергьенлъиялъул байрахъ
Рейхстагалда тIад чIвараб?

Нилъер рагъухъабазул
ГIумру хвасар гьабизе,
Асият, лъикIаб сахлъи
Кьеги дуе ТIадвугес!

ВахIшиял тушбабазда
ТIад бергьенлъиги босун
Киналго тIад руссаги –
Гьабула дица дугIа.





# Вай лазат, магIарул мацIги хинкIалги!

КIодоэбелалъго бицунеб рагIун букIана, цо НухIил заманаялъго вукIарав Архимедилан абурав чияс, лъел цIураб саргъасалде жаниверги лъугьун «Эврикаааа!» - йилан ахIун бугилан. Щиб гIиллаялъе гIоло гьев ахIделев вукIаравали бицине гьабсагIат регIун гьечIо, гьеб рагIи магIарулалъ киндай букIинаян йиго ургъулей. «Батанаааа», - йиланищ, «щванаааа», - йиланищ, «вай дир цIодорлъиииии», - йиланищ…? Кин букIаниги, батун буго дидаги цо жо. ГIенеккеха.

МагIарул мацI бицинчIогоги, лъачIогоги магIарулал рукIине бегьула *(гьанжеги добго жо бицине лъугьунаха айилан добехун рехичIого журнал, рагIалде щвезегIан цIале, гIезегIан кIудияб гIакълу кьезехъин бугин дица нужее)*, амма кваначIого чIоларо ал магIарулал, бетIер бuханиги. Гьединлъидал, гьадинаб гIакъилаб пикру бачIана дир гIакъилаб ботIролъе. ЦIияб соналъул махI чIвалеб букIиналъул асар батизеги бегьула…

Нилъеца, киналниги магIарулазда квинчIого чIезе кIоларел, гьезул рекIелъги, тIулалъги, гIадалнахулъги рессун ругел кванил нигIматазул рецептал ва гьелъие хIажалъулел индигридиенталищ долали, жалазул магIарул мацIалъ хъван тезе ккола. ЦIакъго кваназеги бокьун бугони, магIарулалъ цIалани гурони, кин гьабилебалиги лъалеб гьечIони, рес щиб ал пакъирзабазул магIарул мацI лъазабичIого. ГьечIищха гIакъилаб пикру?

Гьанже нужецаго хIисаб гьабеха, тIаде щун ЦIияб сонги бугони, кIалтIа чIун гьалбалги ругони, жеги белъун 3 метра бакьалъулги гьечIони, руцун хинкIалги гьечIони, бухун ражиги гьечIони, буссун аливъеги гьечIони, жив магIарулав вугилан абизего нечезе ккеларищ гьеб рукъалъул хважаин? *(Аливъейилан магIарулазул умумузулъанго бачIараб нигIмат кин гьабилебали батIаго хъвала, дидаги кIодоэбелалъулго батараб).* Нагагь магIарулалъ хъвараб жо цIализе лъаларей хIурулгIин ккун ятани ав пакъирасул хIарччида нахъе, сурана гуриха ав росдадаго. Вацап баккаралдаса росдал гIорхъабазги щибго кколеб гьечIелъул, дунялалдаго тIибитIизе бегьула гьеб рокьукъаб хабар: ЦIияб соналъул сордоялъ ХIажихIмал къавулъ остолалда бакьгун хинкIалали щай гурин, аливъецин букIинчIилан… Аллагьас цIунагиха.

МагIарулалъ хъварабцин щвечIин эб рецептилан, сихIирал харбалги рицун бихьинал гъоркье реххизе руччаби лъугьинчIого рукIине, гьале хъван толеб буго «МагIарулай» журналалда.

Рецепт *(гьаб рагIи магIарулалде буссинабурав чиясе хасаб сайигъат буго журналалъул)*:

Доб мокьида ракъвазе бакьал ран ругеб рокъореги ун, 3 метраги 17 сантиметраги бакьалъул борцине ва къотIизе ккола. Рокъоб батараб бищун кIудияб хьагги цIетIа лъун, лъимги тIун, рехула белъине. Цо берцинаб мохмохил рачIчI батани рокъоб, гьебги рехизе бегьула гьелдаго цадахъ.

Гьанже, гурун гъуждулгун, биссмиллагьги бахъун, цагъур лъухьун, сандукъ кIутIун, яги аскIоб бугеб тукадеги рекерун, ханждал къвачIаги босун, цIалкIила гьеб росонибе, гъадринибе, тIарсинибе… ЦIам-содаги рекъезабун, тIела тIаде риди, пууунщщщилан гьеб гьалдезе лъугьарабго, багъарила… буцила… ва месед гIадин, тIад бацIцIадаб, берцинаб квербацIги тIамун, цо хинаб бакIалде, добегIан хъурщила. *(Гьеб бакIалда, зама-заманалдасан, михъазда кверални рахъун, ражи чехъолев, гьеб бухулев рукъалъул хважаинги вугони, сверун кIанцIелел лъималги ругони, цIакъго тIагIамал лъугьуна хинкIал).*

Гьанже, хьагиниса доб 17 сантиметра бакьалъулги бахъун, дуцаго белъун бугищали хIалбихьизе ккола. Белъун батани, хапун нахъеги босун, лъабабго метра бакьил хъупил къандалъоялда гъоркь бахчизе ккола… Гьалбал тIаде щвезегIан цIорочIого букIине.

Гирун, къотIун, тIупун, меседил гарал гIадин рала хинкIал добго хьагинире. АлхIам цIалилалде, квасул сехенаби гIадин ратула тIад росун, тIупула гъоркье. Гьанжеги рачIуна тIад росун. Цо анкьго минут араб гIадинаб заманаялъ, кIудияб хинкIбахъалъ, хапун росун, рала росонире, гъадринире, тIарсинире… кире рукIанигиха ва жиб-жибалда къазабула санидал гIучI. ТIад тIибитIараб тIарсги лъун, хехго гьелги ккезарула добцояб хъупил къандалъоялда гъоркье.

КIудияб остолалда хъахIаб скатертги тIамун *(цересел магIарулазул тукабазда скатерталго рукIун рагIуларо, гьанжесезда гьеб тIамичIого эхебе жого унеб рагIуларо, гIажаибал чагIи...)*, бищунго чIухIараб суркIа-щурунги къватIибе бахъун, остол гIуцIцIулей, гъежде рехун шаршавалъул бащалъигун, истакаби цIцIвакизарулей асул бикаги, михъал кьурулев рукъалъул хважаинги рукIаго, рагIула каву бухулеб…

Ассаламу гIалайкумила… нужгойищила рукIинел, нижгийищила рокьилел…

Вай лазат, магIарул мацIги хинкIалги!

**Баху МУХIИДИНОВА**

## Щибаб сураталда дандекколеб рагIи бате!



| гъеду | микки | милъиршо | къункъра | булбул | къадако | гъотIоркIо | руз | хIанкъва | цIум |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ... | ... | ... | ... | ... | ... | ... | ... | ... | ... |

цIахIилаб — хъахIаб — гьитIинаб — чараб — берцинаб

ракълилаб — гьайбатаб — чанкIкIараб — лебалаб — беццаб

### «РагIи лъай»

НекIсиял чанахъабаз
Чундул чIвазе босулеб,
Боржун гIужда речIулеб
Рагъул алат щиб кколеб?



| чI | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|

Гъадаро тIасан къараб,
Къоно чахьикь бухьараб,
Чу мугъзада чIаниги,
ЧIинтIулареб рухI щиб жо?



| ш | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|

| | | | |
|---|---|---|---|
|  |  |  |  |

Салахъалъул каньон — Тобот — Салахъалъул каньон — Тобот

# Журнал в журнале



Детская Балетная школа Balletschool GK.
Фото Пазила Алилова.



# ЧТО ПРИГОТОВИТЬ НА НОВЫЙ 2023 ГОД?

**КАК ИЗВЕСТНО, ХОЗЯИН НАСТУПАЮЩЕГО 2023 ГОДА – ЧЕРНЫЙ ВОДЯНОЙ КРОЛИК. МНОГИЕ ХОЗЯЙКИ ЗАРАНЕЕ ГОТОВЯТСЯ К ПРАЗДНИКУ И ОБДУМЫВАЮТ НОВОГОДНЕЕ МЕНЮ, А ЗНАЧИТ, ЗАДАЮТСЯ РЕЗОННЫМ ВОПРОСОМ: ЧТО ПРИГОТОВИТЬ НА НОВЫЙ ГОД? ПОПРОБУЕМ РАЗОБРАТЬСЯ С ЭТИМ ВОПРОСОМ, ПОСОВЕТУЕМ ИНТЕРЕСНЫЕ БЛЮДА.**

**В год кролика, естественно, на столе не должно быть блюд из крольчатины и зайчатины. Предпочтительнее блюда из овощей, не жирные. Можно подать к столу салаты, содержащие морковь и капусту (пекинскую, белокочанную), ведь кролики очень любят эти овощи и отблагодарят в новом году удачей. Квашеная капуста, морковь по-корейски, фрукты, свежие овощи — все это точно понравится зайчику. Но обо всем подробнее.**



## ЗАКУСКИ

Всегда актуальны тематические закуски. Это бутерброды в виде елочки, морковки и в виде кролика. Зайца можно сделать из вареного яйца, такая закуска в виде символа года не будет лишней и принесет удачу. Актуальны канапе со свежими овощами, креветками, сыром, маслинами. Тарталетки с разными салатами украсят стол и будут выглядеть очень аппетитно!

## КАКИЕ БУТЕРБРОДЫ ПОДАТЬ К ПРАЗДНИЧНОМУ СТОЛУ?

Можно подать бутерброды с красной рыбой или морепродуктами, со свежими овощами, с авокадо, творожным сыром, красной икрой, сыром и колбасой. Желательно, чтобы закуска была украшена большим обилием зелени или овощей. Листья салата, рукола, зеленый лук, укроп и петрушка. Из овощей можно украшать тонко нарезанными слайсами из огурца, помидорами черри, кусочками болгарского сладкого перца разных цветов.

*Совет! Заранее обдумайте, какой скатертью накроете стол, какую посуду подадите к столу, какие аксессуары и праздничный декор будете использовать.*

## ПРАЗДНИЧНЫЕ БУТЕРБРОДЫ С КРАСНОЙ РЫБОЙ

Интересный вариант ярких новогодних бутербродов. Для приготовления понадобится любая малосольная красная рыба. Все, что нужно, – это нарезать свежий хрустящий батон или багет на ломтики, намазать творожным сыром, положить кусочек рыбы и украсить, как подскажет вам ваша фантазия. Выше на фото представлена идея оформления при помощи оливок, зелени и каперсов.

## МЯСНЫЕ ТАРЕЛКИ АССОРТИ

Практически ни один новогодний стол не обходится без мясной тарелки. Очень аппетитно смотрится мясной набор ассорти из разных видов мяса. Что можно подать на такой тарелке? Практически любые мясные продукты: карбонад, ветчину, разные сорта колбас – от сервелата до московской, отварной язык, балыки. Украшают такую закуску зеленью или свежими овощами, а еще часто в середину тарелки ставят небольшую посуду с соусом. Чаще всего к мясу подают аджику или хрен.

## СЫРНЫЕ ТАРЕЛКИ

Тарелка с сырным ассорти также довольно часто присутствует на праздничных и новогодних столах. Практически любые сорта сыров можно подать к столу. С сыром на тарелку кладут орехи, виноград, крекеры, сухофрукты. Красиво оформленное сырное ассорти выглядит очень аппетитно. Украсить можно зеленью, маслинами, овощами.

## РЫБНАЯ ТАРЕЛКА

Нарезка из рыбного ассорти также очень популярна. В нарезку включают малосольную и копченую рыбу разных сортов: копченый палтус, слабосоленую форель или семгу, копченую или соленую селедку, скумбрию, можно положить крабовые палочки, другие морепродукты. Украшают рыбную тарелку зеленью, маслинами, маринованными овощами, дольками лимона, икрой.

## КАНАПЕ

Канапе – очень практичная закуска, и смотрятся мини-бутерброды на шпажках очень аппетитно. На год кролика актуальны канапе с овощами и фруктами. Помидоры черри, кубики свежего огурца, долька мандарин или кусочек ананаса отлично впишутся с другими ингредиентами на шпажке.

## РУЛЕТИКИ



Еще одна популярная закуска — рулетики. Их существует очень много видов, это могут быть рулетики из лаваша, овощные. Особой популярностью пользуются рулетики из баклажанов, их, как правило, делают с чесноком, поэтому получается отличная закуска.

## САЛАТЫ

В год кролика предпочтительны легкие овощные салаты, не жирные. Фаворитом стола может быть Греческий салат, легкий и вкусный. Идеальными будут салаты с креветками или морепродуктами, с курицей и рыбой. Хозяйки, которые любят экспериментировать и для которых сложные рецепты не проблема, могут оформить салаты в виде кролика или зайца. В тренде подача порционных салатов в креманках, стаканчиках или бокалах. Обычное оливье или крабовый салат можно подать порционно в прозрачных бокалах, смотреться будет очень красиво.



# ЗАПЕКАНКА ИЗ ИНДЕЙКИ С ОВОЩАМИ

- 400 г филе индейки
- 2 стол. ложки растительного масла
- соль
- молотый черный перец
- 500 г картофеля
- 1 большой стебель лука-порея
- 125 мл молока
- 1 стол. ложка бульона из кубиков
- 200 мл сливок
- 1 яйцо
- 1 помидор
- 20 г кедровых орешков

**ПРИГОТОВЛЕНИЕ:**

1. Филе индейки вымыть, слегка обсушить и со всех сторон обжарить в растительном масле. Посолить, поперчить и отставить в сторону. Нагреть духовку до 200 ºС .

2. Картофель очистить, вымыть и нарезать ломтиками. Лук-порей вымыть и нарезать.

3. Грудку индейки нарезать и вместе с картофелем и луком-пореем слоями уложить в огнеупорную форму. Молоко взбить с бульоном, сливками, яйцом, посолить и поперчить по вкусу. Яично-молочную смесь вылить на овощи и мясо. Запекать 60 мин.

4. Вымыть помидоры, почистить их и нарезать кубиками. Зелень вымыть, отряхнуть от капель и оборвать листики. Посыпать запеканку кубиками помидоров, зеленью и орешками.

# ФРИКАДЕЛЬКИ из баранины с брынзой

- *200 г брынзы*
- *600 г фарша из баранины*
- *1 пучок петрушки*
- *40 г сливочного масла*
- *2 булочки*
- *2 яйца*
- *панировочные сухари*
- *молотый черный перец*
- *сладкий перец*
- *листья салата*
- *соль*

ПРИГОТОВЛЕНИЕ:

1. Пучок петрушки перебрать, вымыть, обсушить салфеткой и мелко нарезать. Лук очистить, нарезать кубиками, смешать с петрушкой и пассеровать в небольшом количестве распущенного сливочного масла. Брынзу вынуть из рассола, дать ему стечь и нарезать небольшими кубиками.

2. Булочки покрошить и размочить в небольшом количестве воды или молока. Оставить набухать на 20 мин, а затем отжать. Хлеб соединить с фаршем, добавить пассерованный лук и петрушку, яйца и хорошо перемешать. Посолить, поперчить и посыпать сладким перцем.

3. Руки смочить водой, чтобы фарш не прилипал, и скатать фрикадельки, положив в середину каждой кубик брынзы. Обвалять фрикадельки в панировочных сухарях. Оставшееся сливочное масло распустить в глубокой сковороде и обжарить фрикадельки со всех сторон. Салатные листья вымыть, обсушить, а затем выложить ими тарелку, сверху положить горячие фрикадельки и немедленно подать на стол. На гарнир подойдет вареный картофель.





# СОЧНЫЙ ОРЕХОВЫЙ КЕКС

Для теста:
- 400 г кураги
- 100 г абрикосового ликера или рома
- 520 г пшеничной муки
- 150 мл молока
- 1 пакетик дрожжей
- 100 г сахарного песка
- 250 г сливочного масла
- 1 щепотка соли
- 200 г молотых орехов

Кроме того:
- 80 г сливочного масла
- 4 стол. ложки сливок высокой жирности
- 100 г абрикосового конфитюра
- 50 г сахарной пудры
- противень
- бумага для выпекания

ПРИГОТОВЛЕНИЕ:

1. Курагу нарезать мелкими кубиками. Абрикосовый ликер или ром подогреть и как минимум на 60 мин положить в него курагу пропитаться.
2. 500 г муки просеять через сито в глубокую миску и сделать углубление. Молоко слегка подогреть. Растворить в нем дрожжи и 1 чайную ложку сахарного песка, вылить смесь в подготовленную ямку и смешать с небольшим количеством муки. Накрыть полотенцем и поставить на 15 мин в теплое место подходить.
3. Добавить оставшийся сахарный песок, сливочное масло, соль, орехи и с помощью миксера вымесить эластичное тесто. Накрыть и оставить на 30 мин подняться.
4. Курагу вынуть из ликера, смешать с оставшейся мукой и добавить в дрожжевое тесто.
5. Готовое тесто раскатать на рабочей поверхности, посыпанной мукой, слоем в виде овала толщиной в 5 см. Центр овала раскатать скалкой потоньше, чем края. Один край завернуть внутрь и накрыть его вторым. Переложить на застеленный бумагой противень, накрыть и оставить на 30 мин подняться. Нагреть духовку до 180°. Выпекать кекс около 60 мин.

ЗАВЕРШЕНИЕ:

1. Сливочное масло, сливки и абрикосовый конфитюр положить в кастрюлю и, помешивая, прокипятить в течение нескольких минут. Кекс сразу после выпекания наколоть в нескольких местах деревянной палочкой. Обмазать его абрикосовой массой.
2. Равномерно обсыпать кекс 25 г сахарной пудры. Немного дать ему постоять и обсыпать оставшейся сахарной пудрой. Остудить и, завернув в алюминиевую фольгу, выдержать несколько дней.



# ЯБЛОЧНЫЙ ПИРОГ-ПЛЕТЕНКА

***Для теста:***

***3 стакана муки***
***2 ст. ложки разрыхлителя***
***200 г маргарина***
***3 ст. ложки сахара***
***50 г молока***
***1/2 ч. ложки соли***
***4-5 крупных яблок***
***4 ст. ложки лимонного сока, тертая цедра одного лимона***
***1 стакан сахарного песка***
***1 стакан изюма***
***1 ч. ложка молотой корицы***
***1 желток***

***Для глазури:***

***200 г абрикосового джема***
***3 ст. ложки лимонного сока***

**ПРИГОТОВЛЕНИЕ**

Просеянную муку смешайте с разрыхлителем, маргарином, сахарным песком, молоком и вымесите тесто. Заверните его в пленку и поставьте в холодильник на 1час. Нагрейте духовку до 220° С. Положите на противень вощеную бумагу. Мелко порежьте яблоки, перемешайте с лимонным соком и цедрой, сахарным песком, изюмом и корицей. Раскатайте 3/4 теста и выложите на противень, лишнее тесто срежьте ножом. Ровно распределите яблочную начинку. Оставшееся тесто раскатайте и нарежьте полосками, разложите их решеткой поверх начинки и смажьте слегка взбитым яичным желтком. Выпекайте 35 минут.

Пропустите джем через ситечко, добавьте лимонный сок, подогрейте и смажьте решетку этой глазурью.



## ГУБАМ ТОЖЕ НУЖЕН УХОД

**ОТ ВЕТРА И ХОЛОДА ГУБЫ ЧАСТО ОБВЕТРИВАЮТСЯ. ЧТОБЫ ЭТОГО НЕ ДОПУСТИТЬ, РЕКОМЕНДУЕМ ПРОСТЫЕ БАЛЬЗАМЫ И МАСКИ**

• 1 ст.л. меда смешать с 1 ч.л. растопленного свиного жира. Полученным составом смазывать губы несколько раз в день. Можно хранить его в стеклянной емкости в холодильнике.

• Увлажнить сухую кожу губ поможет маска из взятых по 1 ч.л. сметаны, лимонного сока и растительного масла. Все смешать и наложить на губы толстым слоем. Держать 15 минут, затем убрать ватным тампоном.

• Взять по 1 ч.л. масла какао, вазелина и пчелиного воска, 1 ст.л. растительного или касторового масла, 1 ст.л. крепкого отвара ромашки (2 ст.л. на 1 ст. кипятка). Воск растопить на водяной бане, сразу же тщательно перемешать с остальными ингредиентами, остудить. Мазь можно наносить на губы на всю ночь, а также желательно использовать ее перед выходом на улицу независимо от времени года.

• Если губы сильно сохнут и постоянно трескаются, поможет творожная маска. 1 ст.л. жирного творога смешать с 1 ч.л. сливок, нанести на губы и кожу вокруг них на 15-20 минут. После смыть теплой водой и смазать губы гигиенической помадой или тонким слоем вазелина.

• Освежить увядающую кожу губ поможет смесь из свежего яблока, мякоти банана и яичного желтка. Половинку яблока очистить от кожуры, мелко натереть, размять половину банана и смешать все с сырым яичным желтком. Такую маску можно накладывать на всю Т–зону лица (лоб, нос и подбородок, в сочетании напоминающие букву Т) и губы в том числе. Выдержать 20 минут и смыть теплой водой. Постоянное применение маски заметно разглаживает морщины, устраняет сухость кожи и придает свежий вид губам.





ОСЕНЬЮ ПРОСТУДИТЬСЯ – ДЕЛО НЕДОЛГОЕ. НО ХВОРЬ ОБХОДИТ СТОРОНОЙ ТЕХ, КТО ЗАБОТИТСЯ О СВОЕМ ИММУНИТЕТЕ. ЕСЛИ ОН КРЕПКИЙ, ТО И БОЛЕЕ СЕРЬЕЗНЫЕ ЗАБОЛЕВАНИЯ НЕ ПРИСТАНУТ

## В СЕЗОН ПРОСТУД ГЛАВНОЕ СЛОВО – ЗА ЛИПОЙ

# ДЛЯ УКРЕПЛЕНИЯ ИММУНИТЕТА

### ДЛЯ СТИМУЛЯЦИИ ИММУННОЙ СИСТЕМЫ, ПРОФИЛАКТИКИ И ЛЕЧЕНИЯ ОРЗ И ГРИППА СОВЕТУЕМ ПИТЬ ОТВАР КОРНЕЙ ЭХИНАЦЕИ

1 ст.л. сухого измельченного сырья залить 1 ст. кипятка, кипятить на малом огне две-три минуты, настоять 20-30 минут, процедить. Пить по 1/3-1/4 ст. три-четыре раза в день до еды. Отвар можно усилить, добавив в него 15-20 капель аптечной настойки родиолы розовой (золотой корень) или красного корня. Более эффективной считается спиртовая настойка эхинацеи: 50 г сухого измельченного сырья залить 0,5 л водки, настоять две недели. Принимать с профилактической целью по 25-30 капель три раза в день. Если появились первые признаки простуды, следует увеличить дозировку и частоту приема, результат будет заметен уже через сутки.



### ТРАВЫ ОТ ПРОСТУДЫ

Одно из самых популярных средств – отвар липового цвета, который оказывает потогонное, жаропонижающее, бактерицидное, диуретическое и противовоспалительное действие.

2 ст.л. цветков залить 2 ст. кипятка, кипятить на малом огне 10 минут, настоять 15-20 минут, процедить. Пить горячим на ночь по 1-2 ст. как потогонное. Или 1 ст.л. цветков залить 1 ст. кипятка, настоять пять минут. Выпить на ночь. Также эффективны самые разные сборы с неизменным участием цветков липы. Вот некоторые из них.

• Смешать сухие измельченные цветки липы (две части), цветки бузины черной и листья мяты перечной (по одной части). 1 ст.л. смеси залить 2 ст. кипятка, кипятить на малом огне 10 минут, настоять 30 минут, процедить. Пить по 1 ст. горячим два раза в день: в обед и перед сном. Отвар оказывает сильное потогонное действие при высокой температуре.

• Смешать по две части цветков липы, плодов малины обыкновенной и травы череды трехраздельной, по одной части травы душицы и корня лопуха большого. 1 ст.л. сухой измельченной смеси залить 2 ст. воды, довести до кипения, кипятить 10 минут, настоять час, процедить. Пить горячим по 0,5 ст. три раза в день после еды в качестве жаропонижающего и потогонного средства.

• Смешать по две части цветков липы, коры ивы, плодов аниса и одну часть травы душицы. 1 ст.л. смеси залить 2 ст. кипятка, настоять 20 минут, процедить. Пить при повышенной температуре по 1 ст. два-три раза в день, добавляя по вкусу мед или сахар.

• Прекрасный потогонный чай получается из смеси цветков липы и плодов малины 2:1. 2 ст.л. смеси залить 2 ст. кипятка, кипятить 15 минут, процедить и выпить горячим на ночь.

• При простудных заболеваниях можно смешать цветки липы, ромашки и траву чабреца (3:4:3), 2 ст.л. сбора залить с вечера в термосе 2 ст. кипятка, утром процедить и пить по 100 мл четыре раза в день.



### ЛИПА «И КОМПАНИЯ» ОТ БРОНХИТА И НЕ ТОЛЬКО

При воспалительных процессах в горле хорошо помогают настои из смеси цветков липы, ромашки аптечной, травы шалфея лекарственного, коры ивы и корней алтея, взятых в равных частях. Средство будет эффективным даже в том случае, если взять два-три компонента. 1 ст.л. сбора залить 1 ст. кипятка, настоять 20-30 минут, использовать для полоскания. Цветки липы в компании с травой спорыша и душицы (3:4:4) можно применять даже при воспалении легких. 3 ст.л. сбора с вечера залить в термосе 3 ст. кипятка, утром процедить и пить по 150 мл четыре раза в день.

А сбор из все тех же цветков липы, ромашки аптечной и листьев мяты перечной помогает при остром бронхите. Взять по 1 ч.л. каждого компонента, залить смесь 1 ст. кипятка, настоять 20-30 минут. Процедить и пить горячим по 1 -2 ст. два-три раза в день. При бронхите с кашлем и трудно отделяемой мокротой следует приготовить более сложный сбор: по две части цветков липы и фиалки трехцветной, по одной части цветков коровяка высокого и бузины черной, травы просвирника, листьев крапивы двудомной и мяты перечной, плодов фенхеля. 1 ст.л. сбора залить 1 ст. холодной воды, настоять два часа, затем довести до кипения и кипятить на малом огне пять минут, остудить, процедить. Пить теплым по 1/3 ст. три раза в день. Сбор с цветками липы в «главной роли» поможет избавиться и от вазомоторного насморка. Смешать цветки липы, бузины черной и траву шалфея лекарственного (3:3:4). 3 ст.л. сбора залить с вечера 3 ст. кипятка, утром процедить и выпить в три приема за час до еды.



# *Кто был первым альпинистом?*

Вряд ли мы когда-нибудь узнаем имя первого альпиниста на Земле – ведь люди очень давно начали покорять вершины гор. Нам известны лишь имена тех, о ком сохранились письменные свидетельства. Вероятно, одним из первых альпинистов был японский монах, поднявшийся на вершину Фудзиямы в 633 году.



- Среди первых альпинистов был римский солдат. В 106 году он поднялся почти по отвесной скале в поисках вкусных съедобных улиток и обнаружил тропу, по которой римская армия смогла затем подойти незамеченной к лагерю неприятеля.



- Чтобы альпинистские ботинки не скользили по снегу и льду, к их подошвам крепят стальные шипы.

- Японка Юнко Табей – первая женщина, поднявшаяся на Эверест. Это произошло 16 мая 1975 года.

# *Как альпинисты поднимаются на гору?*

Чтобы подняться на вершину горы, нужно специальное снаряжение. Оно помогает карабкаться по крутым каменистым склонам и удерживает альпиниста, если тот вдруг сорвется вниз. Это прочные капроновые веревки и крюки. Крюки вбивают в расщелины между камнями и закрепляют на них свободный конец веревки, обвязанной вокруг пояса альпиниста.

# *Кто спускается с горы быстрее поезда?*

Современные поезда развивают скорость до 200 километров в час, но горнолыжники и сноубордисты, спускаясь с горы, могут двигаться быстрее. Рекордная скорость спуска у горнолыжников – почти 250 километров в час.



# *Кто первым покорил Эверест?*

29 мая 1953 года новозеландец Эдмунд Хиллари и непалец Тензинг Норгей первыми поднялись на Эверест. В наши дни тысячи людей отправляются в Гималаи покорять вершины. Туристов ведут туда проводники из Непала, которые знают все тропы.



# *Можно спускаться с гор на велосипеде?*

Конечно, можно. Но если гора слишком высокая и крутая, с нее лучше спускаться на маунтинбайке – специальном горном велосипеде с укрепленной рамой и широкими шинами, которые хорошо сцепляются с дорогой на скользких склонах.





# КАВАЛЕР-БАТАРЕЯ

I922 соналде щвезегIан Темир-Хан-Шура абураб цIаралда, I923 соналде щвезегIан Дагъистаналъул тахшагьарлъун букIараб, Буйнакск шагьаралда цо-цо мехалда Дагъистаналъул Петербургиланги абула. Гьеб шагьар рагIизе ва лъазе кумекалъе батулеб бакI ккола Кавалер – Батарея. Шура-озень гIурул рагIалда бугеб I25 метр борхалъиялъул гьеб кьурул щоб рикIкIадасанго бихьула. Гьенир ратун руго нилъер эраялдаса кIиазарго соналъ церехун рахъарал сураталги.

I396 соналъ, Меседил Ордаялъул Тохтамыш ханасда тIад бергьенлъиги босун, аскаргун лъабго моцIидаса Самаркандалде вуссунев вукIарав Тамирлан гьенисан ун вукIун вуго. Биценалда рекъон рещтIунги гьев вукIун вуго доб кьурда тIад. Гьелдаса хадуб рекIун буго бакIалда Темир-Хан-Шура абураб цIарги. Гьелъул магIнаги ккола «Темир хан рещтIараб бакI» абураб.

Кавалер - Батарея абураб жоялъулги буго гьадинаб баян: Кавказалъул рагъул заманалда гIурусазул аскараз гьениб тIад лъун букIун буго артилериялъул батарея. Гьедин батизе кколилан хъвана Булач ХIажиевас «Дагъистаналъулгун лъай-хъвай» абураб тIехьалда. Кавалерия абураб жо «рекIаразул» абун къабул гьабуни, гьединаб магIна бачIунебги буго. Руго цогидал пикрабиги. Цо-цояз гьеб цIар бухьинабула «кавальер» абураб рагIуда. Гьеб абуни ккола аслияб бастионалда (щулалъиялда) жаниб, сверухъ гIагардехун ругел бакIазде кьвагьдезе гIолон гьабураб гьитIинаб щулалъи.

I832 соналъ Северияб Дагъистаналда аскаразе бетIерлъи гьабулев вукIарав подполковник Франц Карлович Клюки-фон-Клюгенауца гьениб гьабуна щулалъи. I836 соналъ кьурда аскIоб бана кIитIалааб си (хадуб гьеб щугоялде бахана), кьурда тIад лъуна гIарадабазул батарея. Хъаладухъ хъулухъ гьабулев вукIана, тамихI гьабун гьенив витIарав, поэт Александр Полежаев, щвана гьенире художникал Ф. Т. Рубо, И. К. Айвазовский, Е. Лансере, хирург Н. И. Пирогов, I858 соналъ гьенив лъалхъун вукIана Александр Дюма – эменги. Хъала сверун ккун букIана Шамилицаги, гьенибе гьужум гьабуна ХIажимурадицаги… Нилъер заманалде щвезегIан гьеб хъала цIунун хутIичIо.

Гьениве кIиго нухалда щвана император Александр II. I866 соналъул 29 ноябралъ Темир-Хан-Шура лъазабуна шагьарлъун ва гьеб лъугьана Дагъистан областалъул административияб централъун.

Гьеб кьурул рагIалда букIараб генерал – губернаторасул рокъоб тIобитIана Сталиница партиялъул актив ва гьенибго лъазабуна Дагъистаналъул автономияги. Гьениса рикIкIада гьечIо I9I6 соналъ бечедав чи Хизри ХIажиевас Иосиф Зильбершмидтил проекталда рекъон бан букIараб, «Модерн» абураб кино-театралъул берцинаб мина. Гьанже гьелда жаниб буго ватIан лъазабиялъул музей.

Кавалер – Батарея абуни хутIана шагьаралъул гIаламатлъун. Дагъистаналъул хIукуматалъул хIукмуялдалъун гьеб бихьизабун буго цIунизе хIажатаб тIабигIияб памятниклъун ва босун буго цIунизе кIвар бугел бакIазул хасаб сияхIалде.

**Гульнара АСАДУЛАЕВА**





# ХЪВАДАРУХЪАНАСУЛ КЪИСМАТ

Гьале анкьго сон буго Абил Сардарил «КIиго эбелалъул вас» абураб жиндирго гIумруялъул хIакъалъулъ хъвараб къиса къватIибе бачIаралдаса. ЦIалдолезги гьеб цIакъ лъикI къабул гьабуна. Авторас цIалдолесул рекIее асар гьабуледухъ, ракI рагьун бицунеб буго гьениб жиндирго къисматалъул. Гьелдаса хадуб гьелъул жеги лъабго том бахъана. Гьанже щуабилеб, ахирисеб томги хIадурулеб буго басмаялда бахъизе.

ТIаса ричIичIого цIализе рокьулел тIахьазул автор Абил Дагъистан тун къватIир ругел цIалдолезеги вокьула ва къимат гьабула. Гьел божула гьесда ва Абилица гьеб асаралъул цIакъ къимат гьабула. Гьесул прозаялда цебесеб заманги гьанжесебги, цоцалъ жубан, цадахъ рекъон гIумру гьабулел руго.

Абил Сардар – Абил ГIабдурахIманович Меджидов, шагIир, хъвадарухъан, филологиял гIелмабазул кандидат, Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул член, Дагъистаналъул мустахIикъав юрист, нотариус, Дагъистаналъул Нотариусазул Палатаялъул Правлениялъул член.

Абил ГIабдурахIманович ватана кинабго рахъалъ цеветIурав, гъваридав, къапа-шапарав гIолохъанчи. Нотариусасул офисалда релъараб кабинетги гьечIоан гьесул. Къадада чIухIадго багIараб байрахъ, аскIобго халичаялда гьабураб Путинил сурат, чунгур, тIахьазул цIурал полкаби ва столалда, адабалъе мустахIикъаб, хIалтIул хIапу-чапур. Гьанир гьас тIаде къабул гьарула хIалтIул ишалъ рачIарал ва гьанирго жиндирго къисабиги хъвала. У, гьезул къокъаб хIасил гьаб макъалаялда къезе гьечIо!

Авторасул хIисабалда, литературияб творчествоялъ гьесда кIалал гьикъулел руго – гIолищ дур бахIарчилъи ва эркенлъи дурго хIакъалъулъ хъвазейилан. Гьенибго бачIунеб буго, жиндирго хIакъалъулъ хъвалелъул, ургъун бахъараб чан процент букIине бегьулебилан абураб суалги.

- Ургъун бахъараб жо гьаниб щибго гьечIо. Цо-цо берцин гьарурал, тамах гьарурал бакIал ратизе бегьула. Дица гьениб диргоги заманалъулги хIакъалъулъ хъвалеб букIана: кин дида доб мехалъ кколеб букIараб, гьанже кин бичIчIулеб бугебали.

Дун гIолев вукIана инсул цIияб хъизаналда, дирго эбел лъана I3 сон бараб мехалъ. Гьединлъидал батизеги бегьула 6 сон баралдаса дица кучIдул хъвазе байбихьарал. ГIолохъанаб мехалъги кучIдул хъвалел рукIана, амма заманалдасан прозаялде вачIана. ГIумруялъул прозаялде (гьимулаго). Дир эмен ГIабдурахIманги вукIана шагIир, чунгуралдаги хъван кечIги ахIулаан.

Гьавуна Абил Сулейман-Стал районалъул Сардаркент росулъ, мугIалим Меджидов ГIабдурахIманил хъизамалда. Инсухъ гIенеккизе рачIарал гIадамзул цIун букIунаан гьезул рукъ кидаго. Исана инсуца балаан 90 сон.

- Дун хъизамалда бищун кIудияв вукIана. Инсул жеги кIиго васги ясги руго, кIиабилей ячарай чIужуялъе гьарурал. Эбелалъулги руго цогидасе гьарурал 4 ясги цо васги.

Микьго класс лъугIигун Абил Северияб Осетиялъул Алагир шагьаралда техникумалде цIализе лъугьуна. Гьениса хIалтIизе витIула Саратовалде, гьенисаги кIиго соналъ Армиялда хъулухъ гьабизе.

- Цо соналъ дун Венгриялда вукIана рагьулаб хъулухъ тIубазабулев. Гьениса I979 соналъ ниж рехана Афгъанистаналде. Гьениб тIубараб соналъ рагъазулъ гIахьаллъи гьабуна. Гьелдаса нахъе «афганцазулгун» щулияб бухьенги буго. Гьениса вуссана Саратовалде, дирго хIалтIуде. Хъвадарулаан,

хъвара-хъвараб дирго ВатІаналде балагьизабулаан.

Цо нухалъ лезгиязул хъвадарухъабазухъе щола Абилил квералъ хъвараб хабар. Гьез гІолохъанав автор мукІур гьавула, Дагъистаналдеги вуссун, гьеб хъвадарухъабазул нухдасан ине. Доб заманаялъ афганцазе цІализе лъугьунелъул льготабиги рукІинчІо. Юристлъун вахъине анищалда вугев Абил, конкурсалъ цеве виччачІо. Гьеб мехалъ гьев цІализе лъугьуна Дагъистаналъул Пачалихъияб Университеталъул филологияб факультеталде. Гьеб мехалъ бижула гьесулъ адабияталде унго-унгояб рокьи – сардал рорчІун цІалула дунялалъул, гІурус ва дагъистаналъул халкъазул адабият. Дарсаздаса хадув, 22 сон барав, Афганги бихьарав студент хІалтІулаан МахІачхъалаялъул машинаби гьарулеб заводалда.

Гьаб гІумруялда жаниб жинда лъанщинаб жо жиндирго хІаракат бугилан абула Абилица. Филологияб гуребги, юридическияб лъайги щун, гьев чанго хІалтІул специалистлъун хІалтІана. Рокъове щведал, бахъун галстукгун, бокьараб рукъалъул хІалтІиги гьабула гьес: сварщикасул букІа, къадахъанасул букІа, штукатурасул букІа, цІулал устарасул букІа. «Медик гуронаниги, уколалгицин гьарула дица», - йилан гьимана Абил.

БукІана Абил Сардарил гІумруялда жаниб Казахстаналъул Шевченко (гьанже Актау) шагьаралда гІумру гьабулеб заманги. Гьениб букІана Дагъистаналъул диаспора. МахІачхъалаялда вугелдаса цІикІкІараб харж щолеб букІин гуребги, гьениб гьес миллияб культураялъул Централда жамгІияб хІалтІиги бачунаан. СССР биххун хадуб гьев ВатІаналде тІад вуссине ва кьучІдасан кинабго байбихьизе ккана.

Дие бокьун букІана лезгиязул газеталдаги хІалтІун, МахІачхъалаялда гІумру гьабун вукІине, амма хъизан тІирун чІана Дербенталда рахъине кколилан. Байбихьуда дие гьениб бокьулароан. Базарги, вокзалги, хъалаги, автостанцияги гурони, тІокІал бакІалги лъалароан. Гьанже дун чІухІула гьеб некІсияб шагьаралдаса ва гьенир дицаго кьалбал риччаялдаса. Тахшагьаралдаса къураб бакІ гьелъул гьечІелъулха. Дербенталда гьудуллъи-вацлъиялъул, цоцазе кумекалъул, гьалбадериде хинаб бербалагьиялъул гІадатал щулиял руго, цогидал бакІазде данде ккунги.

Абил Сардарица унгоги гурхІел-рахІмуялъул хІалтІи течІо жиндирго гьитІинаб бизнес бугеб мехалдасаго. Дербенталда гьес рагьана «Афган» абураб гьитІинаб тукен. ЦІех-рех гьабун лъана шагьаралда І2 афганцазул хъизан букІин ва гьезие кумек гьабизе лъугьана. Хадуб бакІал цІунулеб предприятиеги рагьун, гІумруялда жидерго бакІ батичІел афганцал росана хІалтІизе. Бигьаяб гуреб лъимерлъиги ракІалде щун, жиндирго пикруялъул чагІиги данде гьарун, байрам къояз гуребги, гІиллаго гьечІогоги бесдал лъималазе кумек гьабизе лъугьана.

- Гьеб буго дир хасаб унти. Дица дирго тІохьодаги лъуна гьаб, бесдал эбелалъ къварид гьавураб мехалъ, дие кІодоэбелалъ бицун букІараб хабар.

«Унтун холей йигей лъадуца васият гьабула росасе, чІужу ячейилан. Цо-цо мехалъ гІадлу гьабичІого гІолареб хІал лъималазул букІунеблъиги бичІчІун, бесдал эбелалъул кверал гуреб, лъимералда жиндир кверал кьабизе букІине, жиндир квер къотІейилан гьарула гьелъ».

- Эбел-инсул гьуинлъи лъачІеб лъимадул бералгІан пашманал жал дида гІумруялъ дандчІвачІо. Рехон тарал лъималазул рокъоре рачІарал, лъималазда жидедаго хадур рачІарал эбел-эменилан ккола, - йилан угьун биччІана Абилица.

- Дурго бугеб цогидалгун бикьизе лъалеб бугони, БетІергьанас рикъзи тІагІун толаро. Цоги гьединабго бицен буго: «Нухда унаго сордоги тІаде щун, нухлулас цебе батараб рукъалъул нуцІида кІутІула. Гьениб батула мискинаб хъизан, гьез жидерго бугеб щинаб квенги цебе лъун, гьобол къабул гьавула ва бакъараб хъизан кьижизе бахуна. Радал тІаде рахъиндал гьезда бечедго гІуцІцІараб тепси батула ва гьелдаса нахъе гьезул рокъоса баракатги камуларо».

Гьеб кІудадал бицен дида кІочонаро. Гьесул амру тІубан, хІежалдеги ун вукІана дун. Дир тІохьол цо бутІа гьелъие кьун буго дица. Дида бичІчІана аслияб жо намусалда рекъон гІумру гьаби ва гІагарлъи бокьи букІин. Хъизан бугони – цІуне, талихІалъул кьимат гьабе. Дица дирго Фатима ячингун, тІоцебе абуна гьелда, дие дирго эбел-инсул къисмат такрар гьабизе бокьилароанилан. Анищ букІана щулияб, талихІаб, берцинаб хъизан гІуцІцІизе.

Гьединаб хъизан буго Абилил. Жиндирго лъималазе инсул рокьиги, щулияб лъайги, лъикІаб тарбияги кьуна гьес. Гьесул нухдасанги ун, лъималги рахъана юристаллъун. Яс Анфисал жиндирго нотариалияб контораги буго, хъизанги буго, лъималги руго. Докузпара районалъул прокурор, кІиго лъималазул талихІав эмен, вас Равилги вуго.

Нотариуслъун жиндирго хІалтІул бицунаго, бечелъи бикьун бажаруларого хъизаназда гьоркьор кколел рагъазде ругьунлъизе бажаричІин жиндайилан бицана гьес. ГІагарлъини кин букІаниги букІинаан, магІишат сабаблъун жидерго лъималаздаса инкар гьабулел бихьинал ричІчІизе кІвечІо.

Гьелгощинал халкъалъул вакиласе къваригІунел хасиятал ругев ва лъай бугев дуца депутатлъун вахъине хІаракат щай бахъичІебилан кьураб суалалъе жавабги, гьелъие тІубараб гІумруго кьезе кколилан жаваб кьуна Абил Сардарица. Жакъа дие гІун буго гьаб нотариусасул хІалтІи, эркенаб заманаги дица дирго хъизаналда аскІов, гьудулзабигун ва хъвай-хъвагІаялда хвезабула.

***Ахиралдаги, дагъистаналъул халкъазул адабият кигІан кІваниги гІемерал чагІазухъе щвезе хІаракат бахъизе ккolила нилъ хъвадарухъабазилан абураб пикру загьир гьабуна Абил Сардарица. ГІемерал цІалдезе ккolила рахьдал мацІазда, рагІизабизе ккolила гІадамазда нилъер мацІалъул берцинлъи ва гьуинлъи, дандчІвазе ккolила авторал цІалдолелгун. ЦІияб сонги баркун, киналго дагъистаниязе анищилан ккараб щинаб щваги, хъизан-рукъ буцІцІун хутІаги, хабарал лъикІал рагІагийилан гьара-рахьиги гьабуна хъвадарухъанас.***

**Виолетта РАТЕНКОВА**

Ратула гIадамал иццул лъимгIанги ракI бацIцIадал. Гъединайлъун йихьула дида Асият Хасаевна МухIамадсагIидоваги. Гьей йиго гвангъараб ва лъикIаб ракIалъул, бацIцIадаб пикруялъул гIадан. Хайдакъалда гьей гIисиназдаги чIахIияздаги лъала. Гьей ккола профессионалияй журналист, захIматалъулги тылалъулги ветеран, гIемерал лъимал гIезарурай эбел. Халатаб букIана гьелъул творчествоялъулаб нух, щвана гIемерал шапакъатал: лъабго медаль, «Политиздаталъул управлениялъул ва ДАССРалъул культураялъул хIалтIухъабазул обкомалъул социалистиял къецазулъ бергьарай» абураб гIаламат, ДАССРалъул Верховный Советалъул Президиумалъулги, ДАССРалъул Культураялъул министерствоялъулги ва ДАССРалъул профсоюзазул культураялъул хIалтIухъабазул обкомалъул цадахъаб хIурматалъул грамотаги, ДАССРАлъул телевидениялъул ва



# ЖУРНАЛИСТИКАЯЛЪУЛ ВЕТЕРАН



радиовещаниялъул Комитеталъул хIурматиял кагъталги ва цогидалги. Дагьал гуро Асиятие кьурал районалъул нухмалъулел идарабазги баркалаби ва хIурматалъул грамотаби. Амма гьелъул аслияб шапакъатлъун букIана ва хутIана цIалдолезул кIвар ва хIурмат. Гьелъие абуни Асият кутакалда мустахIикълъана, гьелъ гIемеразул ракIал хинлъизеги рохизеги гьаруна, кьуна гьезие божи, рагьана ритIухълъи. Исана Асият МухIамадсагIидовналъ бана 90 сон.

Гьей гьайбатай чIужугIаданалъулъ цолъун буго рухIияб къуватги, гурхIел-рахIмуги, лъикIлъиги, кумекалъе ятиги, тIаса лъугьине бажариги.

Асият гьаюна I932 соналъ Санчи росулъ рекьарухъаби – колхозчагIазул хъизаналда. Лъимерлъи букIана ракъиги захIмалъиги лъараб. ЛъугIизабуна байбихьул школа, хадуй ана Маджалисалъул гьоркьохъеб школалде. РикIкIадал 50 соназда,

Санчи росдал библиотекаялда хIалтIиялдаса байбихьана гьелъул захIматалъул гIумру. ЛъагIелгун бащдалдаса гьеб лъугьана цIалдолезул къадаралъул рахъалъ районалда тIоцебесеб бакI кколеб библиотекалъун. Гьелъ библиотекаялда гIуцIана жалго ругьунлъарал гьунарчагIазул художественнияб кружок. Концерталгун цере рахъунаан росабалъги, фермабаздаги, ахакь – хурзабахъги. Гьедин, къокъаб заманалда жаниб гьелъ росдал библиотекаялъул лъугьинабуна росдал культурияб центр.

Библиотекаялда хIалтIулаго байбихьана Асиятица кучIдул хъвазе ва рахъизе. Гьелъие гьеб рахъалъ кумекалъе ватана, гIолохъанго гьелдаса ватIалъарав, вац. Досул кучIдузул тетрадал гьелъ гьабсагIаталдаги цIунун руго.

ХIалтIиги творчествоги букIана Асиятил кIиго кваркьи гIадинаб, гьелъие къуват-жан кьолел жал. Гьелъул жигарчилъи бихьичIого хутIичIо тIад ругездаги. Асиятица бицана: «Комсомолка хIисабалда дие лъикIаблъун бихьизабуна партиялде лъугьине. Дол рукIана кIочон толарел сонал. Дида бихьулеб букIана гIолохъанал кадраби гIезариялде кьолеб кIварги гьабулеб кумекги. Гьедин дунги йосана КПССалде ва цIализе лъугьана ДГУялъул тарихалъул факультеталде».

I962 соналъ районалда радиовещание хIалтIизабизе байбихьана ва Асият тана редакторлъун. Гьелда цадахъго гьей хIалтIулей йикIана «Колхозалъул байрахъ» газеталда цин корректорлъун, хадуй жавабияй секретарлъун ва редакторасул заместительлъун. ГIемерал соназ гьей йикIана партиялъул байбихьул организациялъул секретарлъун, райкомалъул членлъун, Маджалисалъул росдал Советалъул депутатлъун ва КПССалъул райкомалъул штаталда гьечIей инспекторлъун.

«РакIалде щвезабизе ккола доб заманалда газета компьютер гьечIого гьабулеб букIараблъиги. Чанги букIунаан рогьинегIан хIалтIизе ккараб мехги. Газета кватIизе бегьулароан. Районазул газетазда гьоркьоб нижер газета лъикIаблъун рикIкIунаан, гьелъие вымпелал, баркалаби ва дипломал щолаан», - абун бицана Асиятица.

Асиятил рос, Санчи росулъа Рабадан гьелъие гIицIго гIумруялъул гьалмагълъун гурев, хIалтIулъ кумекчилъунги ватана. Маджалисалде рахъун хадув гьев хIалтIана биткомбинаталда ва хадув пенсиялде инегIан вукIана редакциялъул фотокорреспондентлъун. Гьезул букIана кутакалда гьуинаб ва талихIаб хъизан, камулароан гьезул рокъор гьалбалги, гьудул-гьалмагълъиги гIемераб букIунаан.

Асиятицаги Рабаданицаги гIезаруна анлъго лъимер. Киназего кьуна лъай, рахъинаруна гIумруялде. Гьанже гьезул лъималги кIодолъун, лъималазул лъималаздаса рохун гIумру гьабулел руго. ГIумру гьабун рахъ-рахъалда ругониги, отпускалъул заманалда киналго рачIуна эбел-инсухъе щвезе, рохизарула херал. Гьезда кидаго кIочонаро гIураб рукъги эбел-эменги.

Асиятица гьанжеги хъвалел руго магIна гъваридал кучIдулги макъалабиги. Гьел рахъулел руго районалъул ва республикаялъул газетазда. Гьезулгун Асиятил буго 70 соналъулаб бухьен. Маджалисалъул культураялъул Централъ 80 сон свериялъул хIурматалда тIобитIун букIана «Асиятил гIумруялъул гIакъилаб поэзия» абураб творчествоялъулаб сордо. Гьелда гIахьаллъана районалъул учреждениязул хIалтIухъаби, гIагарлъи, гьудул – гьалмагълъи, гьелъул поэзия бокьулел, «Хайдакъалъул иццал» абураб литературияб цолъиялъул гIахьалчагIи, шагIирзаби ва захIматалъул ветеранал.

20I5 соналъ басмаялда бахъана Асият МухIамадсагIидовалъул «Гьаб жо макьу гурищ?» абураб, кучIдузул тIехь. «Хайдакъ» абураб культурияб централъул артистаз гIемер ахIула гьелъул кучIдул.

Дие Асият Хасаевна гIицIго кIудияй яцлъун гурейги, гIумруялъул дарсал малълъарай ва лъикIаб щиналде дун ругьун гьаюрай, эбел гIадинай гIаданги ккола. Гьеб киналъухъго дица гьелъие кидаго баркалаги кьола.

КIудияб баркала дуе, хирияй Асият Хасаевна, дур баракатаб ва свак лъалареб захIматалъухъ, гIадамазе гьабураб лъикIлъиялъухъ. Гьарула дуе сахлъиги жеги гIемерал соналги. Биччан те талихI кидаго дуда цадахъ букIине ва нужер рокъоб рокьиги хIурматги камунгутIизе.

**Сайгибат ГIАБДУЛКЕРИМОВА**
**Хайдакъ район**





Гьелъул гІумруялда жаниб гІажаибаб къагІидаялъ кинабго жубагъубан буго: къварилъалабазул читІир, гІажаибал дандчІваязул къисмат, тІадегІанабги дунявиябги цолъизабураб - тарихалда лъалкІ тараб, машгъураб, жидерго «рацІцІалъи» цІунараб, магІарул намус цІуниялъул гІадат тарихалда тараб гуребги, жакъа къоялъги жидерго лъималазулъ билъанхъизабулеб тухум. Гьеб тухумалъул гІуцІи лъазабулаго, гъорлъе лъугьунаго, дие гІажаибаб асар гьабуна гьадаб унго-унгояб, заман унилан я къуват, я къадру, я къимат свинчІеб «хъахІилаб биялъ».

# МАГІАРУЛАЙГИ ГІЕЛМУГИ...

**КЪИБИЛ**

ГІемерав чиясе хасиятаб гуреб ракІ рагьиялъ ва ритІухъго гІумруялъе къимат кьезе лъаялъ, Султанат ГІумаровна гІажаибго дир ракІалъ йосана. Гьединай йиго гьей тухум-къибилалъул бицунагоги, гъваридал, гІумрудул магІна жаниб лъурал жиндирго кучІдул цІалулагоги. Саназде яханиги, гІолохъабазе хасиятаб ракІ рагьиги, рихьдае жо гьабунгутІиги бугоан гьелъулъ цІунун. Гьединлъидал батизе бегьула гьелъухъе ракІалъ цІалелги.

ГІумруялъул бицунаго, Султанат ГІисаевна мукІурлъана, гІел бащададздаса жий кидаго рикІкІада йикІунаанилан. РекІелъ хинлъигун бицана, лъайялда хадур лъугьунеб къагІида лъималазе рокъоб кидаго чІезабурав, жиндирго инсул ГІиса ГІумаровичасул хІакъалъулъги. Тарихчи гуревги, гьев вукІана гІемерал мацІал лъалев, магІарулазул кІалзул гьунар лъалев, гІолохъабазе насихІатчи ва жиндирго гІагараб ракьалъул патриот.

- Инсуца тІадегІанал къиматаздалъун лъугІизабула Бакуялъул пачалихъияб университет ва, бищун лъикІав выпускник хІисабалда, гьесда очно аспирантураялде лъугьаян гьарана. Гьеб заманаялъ рагьги байбихьун гьев жиндиего бокьун ана ВатІан цІунизе. БахІарчиго вагъана цІакъго кІудиял рагъал рукІарал Сталинградалда, Новороссийскалда, Малая земляялда. КІицІул лъукъарав гьев, майорасул званиялда вуссана рагъдаса ва жавабиял партиялъул ва лъайкьеялъул хъулхъазда хІалтІана.

– Жиндирго пикруялдаса кивего кьуруларев инсуца вузалъул «хъахІилаб» диплом жолъунго рикІкІунароан, чара гьечІого букІине кколаан «багІараб» – тІадегІанаб лъаялъул гІаламат. Гьедин гьабичІогоги чІечІелъул: гьале ниж, гьесул лъимал – кІигоял гІелмабазул доктораллъун рахъана, цогидал кандидаталлъун, – илан бицана Султанатица.

Эбел ПатІиматги йикІун йиго некІсияб, жанив ункъо шейх-уль-ислам ва наибзаби рахъараб хундерил тухумалъул гІадан. Гьеб тухумалдаса вуго дунялалдаго рагІарав гІараб-гІалимчи Дибир-

Къади, энциклопедияздагІан гІемераб жо лъалев ва Александр I коронациялда гІахьаллъизе битІараб Аваристаналъул делегациялъул нухмалъулев. Астрономиялъул, медицинаялъул, философиялъул гІелмиял хІалтІабазул гъварилъиялъухъ гьесие кьун букІана астролябия-сагІат. Гьеб сагІат гьесул хирургиялъул тІагІалабигун цадахъ Дагъистаналъул тарихалъул музеялда лъун рукІана.

- Эбел, некІсияб тухумалъул яс, йикІана нижее кидаго бакараб чирахълъун, рекІел иццлъун, гІадамазде, тІабигІаталде, дунялалде рокьи рекІелъ цІунизе нижее рухІ кьолей гІаданлъун. Ахиралде щвезегІанги, берцинаб гІодобе биччараб гьимигун, гьей йикІана нижер хІурулгІин. Гьедин абулаан гьелда гІагаразги.

## ПЕДАГОГИКАЯЛЪУЛ ДУНЯЛ

- Дица бицинчІищ, инсуе багІараб гурони диплом къабуллъулароанин? Дир киналго вацаз школа меседил медалалда лъугІизабуна. Дир анищги гьеб букІана. РакІалдаго гьечІого, анкьго класс лъугІарай дун инсуца доб мехалъ цІар рагІараб Буйнахъскаялъул педучилищеялда цІализе лъуна. Нухмалъулей йикІана Верховный Советалъул депутат Елизавета Савична Волковая. Гьеб букІана гІажаибаб заман! Дун йикІана маргъудалъ букІунеб ханлъиялде ккарай гІадин. Гьеб заманаялъ педучилищеялда хІалтІилел рукІана гІажаибал педагогал, гьезда гьоркьоса анцІила кІигоял гІелмабазул кандидатал. Северияб Кавказалдаго букІинчІо гьелъухъе бахараб цІалул идара. Нижер педагогазда «могучая кучка» йилан цІар лъун букІана. Гьезда гьоркьор рукІана, Европаялда гІумру гьабун рукІарал гурелги, Парижалъул ясазул пансион лъугІаралги. Бищунго йокьулей йикІана пачалихъалдаго цІар арай педагог В. Павлова.

- Тахшагьаралъул вузазда – Морис Терезил цІаралда бугеб МГИИЯ, Н. Крупскаялъул цІаралда бугеб МОПИ, Ломоносовасул цІаралда бугеб МГУялда цІализе щваниги, аслияб дие лъай кьураб, гІакълу цІубазабураб, дилъ вукІинесев педагог гІезавураб бакІ ккола Буйнахъскаялъул педучилище – дир къисматалъул кьучІ. Аслиял предметазда цадахъго, гьел кин кьелелали, методикаги малъулаан гьениб, педпрактикайилан абуни букІунаан тІубараб соналъго.

Бищунго рекІее хириялллъун руго, цебе Темир-Хан-Шураялъул генерал-губернатор жанив вукІараб, Буйнахъскаялъул Кировасул къотІноб 26 рокъоб ракІарулел рукІарал инсул гьудулзаби ва гІагарлъи.

## РОРЖЕНАЛЪУЛ НУХ

Дир умумул гІахьаллъараб хІуригат бахъулеб заман, Кавказалъул рагъулъ ва КІудияб ВатІанияб рагъулъ нилъер халкъалъ бихьизабураб бахІарчилъи – дир рекІелъе лъугьин гуребги, умумуздаса чІухІун, гьезда релъарайлъун йикІине бокьун йикІунаан дун, – илан бицана Султанатица.

– РакІалда буго, тІубараб соналъ бахчун хъвалеб букІана дица Кавказалъул рагъул хІакъалъулъ къиса. ГьитІинал бутІаби дица цІалулаан дирго имгІал Дибирие ва гьесул цевесев гьудул Амри Шихсаидовасе. Къисаялъул хронологиялда хурхун цоници гьалатІги битІизабичІого, гьесги беццана дир къиса. Амма рагІа-ракьанде щвеялда дирго щаклъи букІун, хІурги тІад ккун гьеб шкафалъубго хутІана. КучІдулги цІалулаан дица дирго гьудулзабазе, батІиял чагІазул ругилан. Гьезул рецц-бакъ рагІарабго, цІакъ гІажаиблъиги гьабулан.

Султанатил интересал бищун цебе цІали-къалиялда сверун рукІуна. Абизе бегьула Буйнахъскалъул педучилище йикІинесей профессоралъул рорженалъул байбихьи букІанилан. «Литература стран Западной Европы Америки, Австралии» специальносталда аспирантураги лъугІизабун, гьелъ МГУ - ялда цІунана гІелмияб даража.

Гьеб заманаялъ халкъазда гьоркьосеб конференциязде Москваялде рачІун рукІана американаялъул машгьурал литературоведал ва хъвадарухъаби. «Традиции фронтиты в творчестве Джека Лондона» йилан абураб темаялда диссертация цІунизе бугилан лъазаби бихьидал, гьез ректорасда гьарула жал рачІине бегьиларищилан. Манежная площадалда бугеб МГУялъул журналистазул факультеталда унеб букІана гьеб тадбир. Аслияв оппонент вукІана профессор Я.Засурский.

- Байбихьизе анцІго минут хутІидал: «Дурго кІалъай рекъезабе, залалда батІияб пачалихъалдаса гьалбал руго», - йилан записка щвана дихъе, - йилан бицана Султанат ГІисаевналъ.

РекІел рахІатхвейги къинабун, дагъистаналдаса аспиранткаялъ цІакъ берцинаб, гъваридаб кІалъай гьабула ва киназго хъат чІвала. Диссертациялъул



цо экземпляр гьалбадерица Америкаялде босун уна. Гьез гІажаиблъи гьабула гьелъул Оксфордалъул букІунеб гІадаб ингилис мацІалда. Гьезда щибха лъалеб Буйнахъскалъул педучилищеялда гьелъул йикІарай цІакъай мугІалим, рокъоса рачІунаан цабзазда гьоркьор лъезе гІучІал, ингилис мацІалъул гьаркьал битІун рахъизе ругьун гьаризе.

ГІелмияб хІалтІиги цІунун Султанат ГІисаевна тІадюссана хирияб ВатІаналде, Дагъистаналде ва ДГПИялъул ангийская филология кафедраялда хІалтІулаго, микьго соналъ бачана ингилис мацІалда аслияб корпусалда кьолеб передача. Доб заманаялъ лъилго гьечІеб гІадаб оборудование, техника, телевизорал ва фонетикиял кабинетал чІезарун рукІана ректор АхІмад МухІамадовичас институталда.



Гьебго заманаялъ гІолохъанай педагогалъ студентазда малъулеб букІана профессор Китайгородскаялъул батІияб мацІ хехго лъазабулеб къагІида. Рагьараб лекциялде рачІунаан батІиял вузазулги преподавателал. ДГУялъул къватІисел пачалихъазул мацІазул факультеталъул деканас «хІалчІахъад», - илан къимат кьуна гьелъул цо лекциялъе.

ГІелмияй докторалъул диссертация цІунана Султанат ГІисаевналъ Москваялда Россиялъул гІелмияб академиялъул языкознаниялъул институталда. Стажировка Англиялда машгьураб Оксфордалда букІанилан бицинчІогоги кинха телеб? Гьенийги гьей йихьичІого ва гьелъул берцинаб ингилис мацІалде кІвар кьечІого хутІичІо.

Къого сонaлдасаги нухмалъи гьабуна Султанат ГІисаевналъ къватІисел пачалихъазул мацІазул кафедраялъе. Кидаго ахІулел рукІана кафедраялъул хІалтІухъаби жидерго лъай борхизабизе гІелмуялда тІад хІалтІизе. Гьелъ хІехьолароан чІамучІлъи, пайдаяб ишалъулъ рахъги кколаан. Жийгоги кидаго йикІунаан гІелмиял лъугьа-бахъиназда бакьулъ. АнцІго соналъ МГУ ялъул диссертациязул советалъул член, къого сонaлдасаги ДГПУялъул диссертациязул советалъул член.

## ЛЪАГІАЛИДАСАГИ ХАЛАТАБ КЪО

- Халатаб гІумру гьабун букІаниги, - йилан рикьулел руго жиндирго пикраби Султанат ГІисаевналъ, - дида ракІалде ккола нусго нухалъ гІемер гьабизе бегьулаанилан.

Гьелда цадахъ, гьелъул гІумрудул тІохьол тІанчал регулаго, гІажаиблъи гьабизе бачІуна, кигІан кІудияб хІалтІуде рокьи, бажари, махщел, ва гІуцІарухъанлъи гьелъулъ бугебилан. Кидаго гІадин, гьанжеги гьелъул рокьи буго шигІру. ШагІирилан жиндаго абулеб гьечІоники, рокьулги, кьалулги, бахІарчилъиялъулги, хІинкъиялъулги, рохалилги, рухІелалъулги цІурал гьелъул кучІдул гІемерисел ВатІаналде хъварал руго. Гьезулъ буго, рагІизабун абулареб, амма рекІелъ бахчараб, ВатІаналде кІудияб рокьи. Султанатил шигІруялъул ракІ гьединаб бугилан рикІкІунеб буго, гьелъул шигІру цІализе ва рагІизе мустахІикъаллъун гьелъ рикІкІунел, гІага-божараз.

Султанат ГІисаевна йиго талихІай чІужуги эбелги. Гьелъул бетІергьанчи Сайбула Юсуповичги вуго гІалимчи. Жиндир заманалда гьесги багІараб дипломалда лъугІизабуна Новочеркасскалъул политехническияб институт, Бауманил цІаралда бугеб МВТУ ниверситеталда очно аспирантура. Гьенибго цІунана диссертация ва Россиялъул машгьурав гІалимчи академик Корсаковасул кафедраялде восана хІалтІизе. ГІумруялъ хІалтІана машиностороениялъул технологиязул конструкторасул хІалтІуда. Гьев вуго І50-ялдасаги гІелмиял хІалтІабазул ва монографиязул автор, Россиялъул тІадегІанаб лъайкьеялъул мустахІикъав хІалтІухъан.

Гьединаллъун куцан руго ГІумароваз жидерго лъималги. Яс Аминацаги, хъизаналъул гІадат хвезабичІого, меседил медалгун лъугІизабуна школа, багІараб дипломгун вуз, очно аспирантура, цІунана диссертация. Гьей йиго ДГПУялъул ингилис мацІалъул филологиялъул кафедраялъул доцент. Вас Юсупицаги школа меседил медалгун, ДГУялъул юрфак багІараб дипломгун лъугІизабуна. МГУялда конституционныяб правоялъул кафедраялда диссертацияги цІунун, ДГУялъул юрфакалда хІалтІилев вуго.

ГІумароваз рикІкІунеб буго жидер гІадатияб магІарул хъизан бугилан. Щиб къимат нилъ магІарулазул букІинеб букІараб – мугъчІвазе, гІенеккизе, гьезда релълъараллъун рукІине – гьединал хъизаналги магІарулалги рукІинчІелани…

**Айшат ТАЖУДИНОВА**

*Шамил МухIидинов*

# Сахаватаб гIанхваро

Бечедаб колхозалъул
Зани-гIуж гьечIеб хуриб,
Харжги кьун хъулухъалда
БукIанила гIанхваро.
ГIанхрил махщел лъаларищ,
БакIаризе, баччизе,
Ракьулъ кIалгIабиги ран
КIвараб жо жаниб лъезе.
Гьаб нилъер гIанхвароги
ГIадада букIинчIила,
КIигогIун рукъзалги ран
Рихьдае хьваданила,
Дугъдан тIорщалил цIезе
Царгъалги гьарунила,
Ца баккичIеб тIанчIие
«Волгаги» босанила.
Буголъи кьурдулелъул
Кьурди-кеп цIикIкIанила,
Бицуна магъил гIелцин
Гьенив гIахьаллъанилан.
ЛъалкI бахчулеб царалгун
Гьудуллъи букIанила,
Гьеб гьоркьоб ккун бацIилгун
Божилъи гьабунила.
Нагагь гIорхъи лъан хадуб
Гьаб гIанхваро букIинищ,
Бугебщинаб алъги ун
ГIункIкIал хIалакълъанила.
«ГIакълу гьечIеб гIанхрихъе
БоцIи щвезе рес бугищ?
Балагьлъун тIад рещтIани
ГIункIкIацаги хIехьелищ?
Гьедин пикруги гьабун
Цо къоялда гIанхваро
Хурир цо-цо гIункIкIазе
Ца бихьун гьиманила,
Цо цIакьго кIал бегIерал
ЧIагIдатIе риччанила,
ТIанчIазе росейилан
Шарал кьун ритIанила,
Гьанже тIолабго хуриб
Хабар тIибитIанила,
Гьаб нилъер гIанхваро цIакъ
Сахаватлъун бугилан,
КигIан боцIи щваниги
Чияде регIуларел,
Чанги рукIунин гIункрул,
Гьабни хIалчIахъад бугин.
Гьабизе бажарулеб,
Бикъизеги кантIулеб,
КигIан гIакълу тIокIабха
ГIанхваро бижун бугеб!
Гьабураб лъикIлъи лъазе
ЦIакъ рекъараб бугилан,
Цо рекъаб гIункIкI гьеб гIанхрил
Рукъ лъухьизе хьвадана…

* * *

Гьал гIунхрулги цурдулги
Цониги данд чIварасда,
Гьаб бицаралъул магIна
ГIорхъулъа ун бичIчIила:
Сахаватав инсанас
Чияр боцIи бикъилищ?!
Бикъаралъул «садакъа»
Чиясе къабуллъулищ?!





# ГЬАЙ ЛЪЕДОЛЕЙ ЙИГО ЛЪАЯЛЪУЛ РАЛЪДАЛЪ

Хасавюрталда чанго гIелалда лъала хIикматай, жиндир иш лъикI лъалей ва цIалдохъаби рокьулей гIурус мацIалъул ва литератураялъул мугIалим Валентина Георгиевна Бороздина – Вовк. Гьелъул юбилеялда хурхун хабар-кIалалъе ва байрам баркизе гьелъухъе щвана Хасавюрталъул «Гьудуллъи» газеталъул редакторасул заместитель Атия ХIаджиева.

## ХIАЛТIИ

– Дун ячIараб мехалда гьей ятана дарсида. Классалда букIана сихIкъотIи ва киналго гьелъухъ кIвар кьун гIенекун ругоан. МугIалималъ гьезие гьабизе тIадкъай кьуна ва дунгун учительскаялде йилълъана.

Гьениб гьелъ дие гъираялда бицана жидер школалъул, коллективалъул ва цIалдохъабазул хIакъалъулъ. РакIалде щвезаруна школа лъугIун арал гIемерал гIолилал, бицана гьезул бергьенлъабазул хIакъалъулъ. Гьезул хIакъалъулъ бицун гьелда чIалгIунебго букIинчIо. ГIемерал гьелъул цIалдохъабаз цересел бакIал росулел руго шагьаралъул, республикаялъул олимпиадабазда, гьел гIахьаллъулел руго ТIолгороссиялъул конкурсазда, бергьенлъиялда кьолел руго гьез ЕГЭялги ва цIализе лъугьунел руго лъикIаздаса лъикIал вузазде.

- ХIалтIизе дие кидагIаги бигьаго букIинчIо, жакъаги букIунаро. Щайгурелъул кидаго къеркьезе кколелъул гьеб жеги лъикI гьабизе. Марк Бернесил руго гьадинал лъикIал рагIаби: «ГIадамал, гIорхъоде щвезе нилъехъа бажаруларо. ЛъикIал анищазулги ишазулги гIорхъаби кидаго церехун рукIуна ва церехун унелго унел рукIине ккола», - ян. Гьелъухъего нижги цереса церехун унел рукIуна, гьабулеб иш лъикIлъизабулаго. Такрар гьабила: киналго заманазда букIуна жиндирго захIмалъи, амма букIине ккола цо хисулареб масъалаги – лъайкьеялъул иш лъезе ккола цебесеб бакIалда. Жакъа материалиябгун техническияб рахъ школазда лъикI буго ва хIалтIизеги гъира балеб хIал лъугьана. Цере доскалда мелалъги хъвадарун малълъулаан лъималазда хъвай – цIали ва лъикIаб лъайги кьолаан. Кинабго бараб буго учителасул хIаракаталда. Дун цониги дарсиде инчIо планал хъвачIого, кигIанго лъикI гьеб лъалеб букIаниги ва бицине бажараниги. Бокьун буго букIинеселда божизе…»

Валентина Георгиевналъ цIакъго лъикIаб каламалдалъун бицана жиндир цIалдохъабазул хIакъалъулъ:

– Школа лъугIун аразда дун кIочон толаро. Нижер руго соцсетазда къокъабиги, хIатта кIикъого соналъ цебего школа лъугIаразулги. РакI бохула гьелгун гара – чIварулаго, чIухIула гьезул бергьенлъаби рагIун. Гьезда гьоркьоб жакъаги буго щулияб гьудуллъиги бухьенги, рукIуна дандчIваялги.

## АНИЩАЛ

ГьитIинго анищал гьарулаан Валентина Георгиевналъ учительлъун яхъине.

- Кутакаб букIана гьеб гъира! Дир ункъгIал йикIана Россиялъул мустахIикъай учитель. Жакъа гIадин ракIалда буго: гьелъ цо нухалда рокъобе бачIана журнал, вацгIалгун дун лъугьана учительлъи хIазе. Дов цIалдохъан дун мугIалим. Лъунаха гьесие журналалда къиматал. Хадуй дир ункъгIал гIодана, нижеца гьабураб жоги бихьун… Дир кIудадаеги бокьун букIана учительницалъун дун яхъине, амма гьеб рохел бихьизегIан дов хутIичIо. Цогидаб батIияб иш гIумруялъ дида берцинги бихьичIо, гьабизеги лъугьичIо.

## КОЛЛЕКТИВ

- Коллективги нижер лъикIаб буго, гъункараб, гьудуллъиялъулаб, профессионалияб. ГIолохъабаз хIаракат бахъула хIалбихьи бугел педагогаздаса мисал босизе, гьезухъ ралагьун хIалтIизе.

Жакъасей директор Зарема ГIабдулвагьидовна Арслановаги ккола дир цIалдохъан. Гьей йиго цIодорай, лъай бугей мугIалим. Гьелъухъа бажарана коллектив цолъизабизеги, гьелъул лъикIал гIадатал цIунизе, церетIезаризеги.

## ХЪИЗАН

– Росасги дицаги гIезабуна лъабго лъимер. КIигоял руго тохтурзаби, гьел инсул нухдасан ана. Рос 27 соналъ вукIана цаби-гIусазул поликлиникалда бетIерав тохтурлъун. ГьитIинай ясалъ тIаса бищана мугIалимлъи. Гьей дида цадахъ хIалтIула. Виктория ккола математик, гIелмияй кандидат. Ниж талихIал руго лъимал тарбия бугел гIеялъ. Лъимал ккола дие аслияб чIухIилъун!

Рос гIумруялдаса хехго ватIалъана. Нижеца цадахъ бана 27 сон. ХIалтIудаса рокъоре щведал нижер рокъоб букIунаан «педсовет», бицунаан хIалтIул. Цогидаб сундего дун регIулароан. Бокьулаан гIемераб жо цIализе. Дица хъвалаан школалда ва шагьаралда тIоритIулел тадбиразе сценариялги, гьел тIоритIиялъе нухмалъиги гьабулаан. I8 соналъ библиотекалда «Литературияб гьоболрукъги» бачана. Росас кидаго махсаро гьабулаан: «Доярка ячарайани лъикI букIинаан дие: рахьги букIинаан, лъадиги рокъой йикIинаан», - абун. Гьедин бугониги дос дие киналъулъго кумекги гьабулеб букIана. Хъизаналда гьеб ккола бищунго кIвар бугеб иш.

Дун ккола талихIай кIодоэбел. Дир лъималазулги гIолеб буго микьго лъимер. Байрамал нижеца цадахъ тIамула. Дие бокьула квенал гьаризе, гьедин лъимал рохизаризе. Гьединго хириял руго дие мадугьалзабиги, гIемераб заман гьелгунги тIамула

## МОЗДОКАЛЪУЛАЙ

- Дун гьаюна Моздокалда. I967 соналдаса нахъе гIумру гьабулеб буго хирияб Хасавюрталда. Риидал гIагараб Моздокалде индалги дун рокъое хIалакуна. Гьедин бокьула дие гIумру жаниб гьабулеб шагьар. Гьанир руго лъикIал гIадамал, гьез захIмалъи – къварилъиялда кидаго толаро, кумек гьабула.

Цадахъ хIалтIулел учительзабазул хабар:

*Директор, I989 соналъ школа лъугIарай  Зарема Арсланова:*

– Валентина Георгиевна йиго кутакалда лъикIай гIадан, гьединазда абизе бегьила миллаталъул «месседил фондилан». Педагог хIисабалда гьелъ бижизабуна дилъги гIурус мацIалде ва литератураялде рокьи. ГIадан хIисабалдаги гьей йиго хIеренай, хIалимай, гIаданлъи цIикIкIарай. Дица гьелъие гьарула халатал соназул сахаб гIумру, кидаго баркалаги кьола.

*Назифа ХIасанова, директоралъул заместитель, байбихьул классазул учитель, I989 соналъ гьебго школа лъугIарай:*

- Дун талихIайлъун ккана гьединай насихIатчIужугун хIалтIизе щвеялъ. Гьей йикIана школалда дир классалъе нухмалъи гьабулейги. Валентина Георгиевна йиго унго-унгояй профессионал ва гьелъ кумек гьабула нижер коллектив гъункизабиялъеги.

Гьелъул цIар щулаго бухьараб буго шагьаралъул тIоцебесеб школа, гьанжесеб М. Горькил цIаралда хIалтIулеб гимназиялда.

***Георгиевна Бороздина-Вовк, ккола М. Горькиясул цIаралда бугеб лицеялъул гIурус мацIалъул ва литератураялъул мугIалим, РФялъул Халкъияб лъайкьеялъул отличник, РДялъул мустахIикъай учитель, РФялъул лъайкьеялъул хIурматияй хIалтIухъан, ПНПОялда жанисеб «Лъайкьей» - «Россиялъул 2006 соналъул бищунго лъикIал учительзаби» абураб ТIолгороссиялъулаб, республикаялъул тIоцебесеб «ЛъагIалил учитель» абурал конкурсазул лауреат, шагьаралъул ва республикаялъул олимпиадазулгун конкурсазул жюриязул член. 20II соналъ гьелъие щвана РФялъул президентасул рахъалдаса баркалалъул кагъат.***

***20I4 соналъ Валентина Георгиевна йосана «Россиялъул лъикIал гIадамал» абураб халкъазда гьоркьосеб энциклопедиялдеги. Гьелъул захIматалъул стажалъул гIун буго 55 сон.***

Дица гьелда ракI-ракIалъ баркула юбилейги, мукIурлъула гьелдехун бугеб кIудияб рокьуеги. Гьарула сахлъи ва халатаб гIумру. ХутIаги гьей жеги гIемераб заманалъ нижер кьеразулъ, щваги гьелъул кумек гIолохъанаб гIелалъе ва хIалбихьи нижеего киназего!

ХIурматияй Валентина Георгиевна! Къабул гьабе, дур юбилеялда хурхун, тIолалго хасавюрталъулазул ва нижер коллективалъул рахъалдасан барки! БукIине те дур гвангъараб гIумрудул цIва жеги гIемерал соназ кенчIолеб, биччай гьелъ канлъиги хинлъиги къезе дур цIалдохъабазе. Гьарула дуе щулияб сахлъиги рохалилаб гIумруги!





# Гьабигьанасул яс

Шарип АЛЬБЕРИЕВ

*(къокъ гьабураб)*

Гӏодобе биччараб лъелги гьабилги сасалда гъоркь гъапуллъун кколев вукӏуна Тажид. Нуцӏаги къирун цо чи вачӏуна жаниве лъугьун. Гьабигьанас берал рагьула. Цеве чӏун ватула тӏаргъил щемериялда гъоркьан рахъ-рахъалде балагьараб ризаб, чӏегӏераб расалъул, къвалалги гурун, хъахӏаб гордеги ретӏарав цо гӏолохъанчи.

- Ассалам гӏалайкум, - илан абула васас рази-ракиго.

- Вагӏалайкум салам, - илан, гьакӏкӏадилаго, васасухъ лъикӏаланго валагьула гьабигьан.

- Дун Отаралдаса вуго. Ролъги босун вилълъана. Кида аб ххине бугеб?

Расго бокьуларого гӏадин тӏадеги вахъун, наралъул рагӏалда гӏодовги чӏун, махӏсумачуязда жанире хӏатӏалги регьулаго:

- Дуда лъала гури колхозниказе авансалъе кӏи-кӏи кило кьун букӏин. Гьале вагъаризе бакӏ гьечӏо раччабазул гӏемерлъиялъ. Метеркъасиялде ххани Аллагьасе реццилан вукӏа, - йилан жаваб кьола гьабигьанас.

- Ханжу ххинчӏогони дун рокъове тӏадвусунаро. Чуялги риччан, валагьун чӏела, - ян гьобол къватӏиве лъугьуна.

Гьесул гӏебал гъуждузухъги валагьун «Гьасни раччи хӏули гӏадин борхулеб батила», - йилан пикру гьабула Тажидица. Гьебсагӏаталъ, кодоб бухьараб жогун, нуцӏихъан яккун ячӏуна яс.

- Гьа, Зулайха! Щай кватӏарай? Дидани ккун букӏана дудаги эбелалдаги дун жакъа кӏочон танилан.

- Гӏанкӏу хъун букӏана, хераб букӏун буго, къулгъу. Гьанже гурони белъинчӏо…

- Гьенив азбаралъув Отаралдаса цо гьоболги вуго, кваназе ахӏея.

Къватӏие яккарайго Зулайхал бер речӏчӏана, гьелдехун мугъги рехун, чодуе хер кьолев, ворхатав, кӏигъуждулъан гӏебав гӏолохъанчиясда. Цодагьай ялагьунги чӏун гьелъ:

- Мун инсуца кваназе ахӏулев вуго, - йилан абуна.

Гьев нахъехунги вуссун, ясалъухъ валагьана.

- Дунищ?

- Чуйищха букIинеб? Мун, - илан гьимана Зулайха. Вас нечадго гIодове валагьана.

- Баркала, дун рокъов кванан вукIана.

- Гьелдаса нахъе вакъизе заман щвечIищха. Вилълъа хехго. ВачIинчIони инсудаги квеш букIине бегьула.

Кьурун юссун нуцIихъе уней ясалда гIолохъанчи жиндихъ валагьун вукIин бичIчIулеб букIана ва хIетI хех босана.

Кванда нахъа букIараб къокъабго хабар-кIалалдаса гьабигьанасда гьав Отаралдаса ГIалихъиличил вас ГIазиз вукIин лъана.

Кидаялиго базаралдаса Тажидица ГIалихъиличил гIака босун букIана. Гьеб чура-хулизе рокъовеги вачун вукIана. Гьекъараб жо рекIарав ГIалихъиличица кутакалда бецщунги букIана жиндирго гIака. Тажидил щаклъицин ккун букIана. Амма гIака унгоги лъикIаб батана – жеги-жеги кьола гьелъ беэнаб рахь.

Гьединав ракIбацIцIадав чиясул васги гьоболлъухъ вачIун, разиго вукIана гьабигьан. ЦохIого-цо вугев гьудуласул васас жеги чIужу ячинчIолъи лъайдал, Тажидица:

- Эбелалъе рокъое кумекчIужу ячине заман щун буго, - йилан бетIергицин кIибикIула.

- Хаслихъе бертин гьабилилан ругоха эбел-эмен, - илан пашманго жаваб кьола ГIазизица.

- ЛъикIаб хIалтIи гьабизехъин бугоха ГIалихъиличица. Мун разиго гьечIого гIадин вихьула?

- Инсуца цIар чIван буго цо ясалда. Амма дир рекIее къабуллъуларого йиго.

- Гьа, гьеб бигьаяб жо, дир вас, - илан квер хьвагIула гьабигьанас, - Яс лъикIай ятани, рокьи жибго бачIуна. Инсуцаги жого лъачIого тIаса йищун ятиларо. Инсудасаги гIемер лъалеб бугониги, гьесул лъалкIдасан ани лъикIаб букIунилан кициги бугелъулха. Дур гIелалъул чи дун вугеб мехалъ нижер росулъе берталъе ячIун йикIана цо берцинай яс. Дие гьей цIакъ рекIее гIуна ва абизе чагIи ритIана. Долъие жидерго росулъ рекIее гIурав чи вукIун вугоха, инкар гьабуна гьелъ дие. Гьелъухъги гIенеккичIого, эбел-инсуца гьей дие кьуна. Гьале къоло анлъго сон бана цадахъ, кIиго васги гIезавуна, гьале ясги йиго месед гIадай гIун ячIиней, нижер хIакъалъулъ цо квешаб рагIи абулев чиги ватиларо дуда росулъ. Гьедин букIуна гIумруялда: рачуна, ругьунлъула, рокьигицин бачIуна.

Зулайха цIарагI чуризе жуяна. Гьоболин абуни, наралдаги кIусун, бер тIаса босичIого ясалъухъги валагьун, папирос цIалев вукIана. Щиб букIаниги абизе мурадалда, гьес гьекъезе лъим гьарула. Зулайхаца кIудияб лъел гIорто лъола цебе. ГьебсагIаталъ жаниве лъугьун гьабигьанги вачIуна. ГIадаталда рекъон васас цин кIудиясухъе бегьула лъел гIорто. Гьес инкар гьабидал, жинцаго гьекъола.

- Гьаб лъимгIан къиматайлъун хутIаги мун кидаго, - йилан ясалъе баркалаги кьун, диеяли мун сундасаго къиматай йигилан пикру гьабула гIолилас.

* * *

МоцIидасан Тажидилъуре Отаралдаса яс абизе чагIи рачIуна. Гьабигьанасул хъизанги гьелъул яцалги хIалтIулъ къан рукIана: гьей жийго хIохьлачунеб пулавалъул хьагида нахъа, яцалин абуни, цояй самоваралда цIа рекIинабулей, цогидай цIарагI бацIцIуней, кенчIезабулей.

Колхозалъул хIалтIул, хIалухъиналъул, исана хаслихълъи хинаб букIине бегьиялъул, гьалъул, долъул бицунел бихьиналги рукIана. ТIаде кишмишги бараб, кутакалда тIагIамаб пулав бачIуна цебе. Жидее гьабураб гьоболлъиялъухъ баркалаги кьолаго, гьединал бакIазде хьвадун хьитал хварав херав Динисламица байбихьула хабар…

- Гьалеха вац, Тажид, гьадинаб тIагIамаб пулав гьабизе ясги гIун йиго дур. Хазинаде гIарац те, гIедал яс росасе кьейилан абиги буго магIарулазул, гьеб суал данд базейилан рилълъун рукIана нижги, - йилан михъида квер бахъула гьес.

- ГIалихъиличги дуда лъаларев чи гуро, лъикIаб тухумалъул чагIиги руго. ГIазизги гьесул цого-цо вугев вас вуго, гьесул хIакъалъулъги квешаб рагIи дуда рагIиларо, - йилан тIад рекъана цогидав херавги.

- Нижее бокьун буго нужер тухумал гIагарлъизе. Дуца щибилан абилеб Тажид?

- Щибилан дица абилеб. БитIараб буго нужеца бицунебги. Ясал рокъор тIураларо. Дир дандечIей гьечIо. Лъаларо хъизаналъ щибилан абилебали, - йилан гьелъул рахъалдехун бетIер гьанкIизабула Тажидица.

Гьежде шалил кIалги рехун, цояб рахъалде бетIерги бекизабун Сакинатица:

- Дицаги щибиланха абилеб, лъикIал гIадамал рокьуларел, чIухIарал чагIиги ниж гуро, ургъила, гьикъила, гIагарлъиялда дандбала…

* * *

Зулайха мадугьазабазулъа кватIун юссана. Эбел, гьелъул рокъой гIодойги чIун, инсул тIаждада рукъи балей йикIана.

- Эбел мун жеги кьижичIогойищ, - илан аскIой кIусана Зулайха.

- Мун ячIиналъухъ ялагьун чIун йикIана, - йилан, цабзаз кунги къунцIун, сундасан хабар байбихьилебали лъаларого, гIемераб мехалъ сихIкьотIиялда рукIана кIиялго.

- Духъ ялагьун, дир яс, дирго гIолохъанлъи ракIалде щвана. Мунги сон-церекъад кинида йикIана, гьале къаси абизе чагIи рачIун рукIана. Базаркъоялъ жаваб кьезе къотIи гьабуна. Дуда гьев васги вихьана. Дуца щибилан абилеб?

- Вихьаравищ гIолев, вокьизе кколарищ? - илан пашманго жаваб кьуна Зулайхаца.

- ЛъикIав вас вугони, рокьул бицун щай? Гьеб заманалдасан бачIина. Диеги батIияв вокьун вукIана, гьале кьуна дур инсуе. Дов кIочон тана. Кьоло анлъго соналъ руго цадахъ, гIадамас рагIи абичIого. Мун жеги гьитIинай, рокьиго ккечIей…

«Рокьиго ккечIей…, - рекIелъ къана ясалда гьал рагIаби, магIил цIуна берал, - Вай, Рашидбег, Рашидбег» - эбел къватIие ингун, гIодун биччан тана…

Зулайха диваналдаги егун Рашидбегил пикрабазда йикIана. ГIезегIан заман буго гьев ясалъул беразда цевеса нахъего унарев, макьилъгицин вихьула. Щибго гьабизе бажарулеб жоги гьечIо. КьотIнов дандчIвайдалги, гьай йихьизего йихьичIей гIадин уна гьев. ГьадигIан дун къваригIунарев чиясул пикруго гьабиларилан йикIуна, бажаруларо. Гьанже цIакъго къваригIун вукIана гьалъие Рашидбег, гьесие кинабго бицине бокьун букIана. РекIел пахрулъиялъ ккун гурейани, гьедин гьабизеги гьабулаан…



Зулайха абизе чагIи рачIун рукIанилан хабар росдадаго тIобитIана.

* * *

Ралъад гIадин тIиритIун рукIана цIоросаролъил хурзал. Гьезул тIамхаз ясазе салам кьолеб бугилан кколеб букIана…

Трактористазул бригадаялъул вагон бугеб рахъалде цо-цо берал речIчIизарулел рукIана Зулайхаца. Гьениреги ралагьун сихIирго гьимгьидилел рукIана ясалги.

КIудияб махил гъотIода гъоркь къадеги кванан, цо ясалъ абуна:

- Гьанже цо цIорораб лъимги лъикIан, - илан ва ишанал гьаруна цогидазде. – Гьай нилъер звеньевая инародай нилъее лъел цIезе лъарахъе, росасе ун хадуй алъул кверaз цIураб лъимги нилъее щвеларин.

Ясаз рохун разилъи лъазабуна.

Цо рагIиги гьезда абичIого, Зулайха босун гIеретIгун хурул добцояб рахъалда бугеб лъарахъе йилъана. Лъарал, къацандилеб бугеб гIадаб, гьаракь букIана. Гьалъул рекIедаги, тIухьи бухьун бугеб гIадаб, бакIлъи букIана. ЛахIзаталъ ялагьунги чIун, дангъура цIураб лъеца гьумерги чурун, тIаде йорхулаго, битIун цеве вихьана Рашидбег. Гьев лъар бахун добцояб рахъалда вукIана. Гьелъ, йиххун, нахъе гали тIамуна. «Цеве тIамун ватила», - ян ккана ракIалде. Амма гьев унгоги Зулайхада цеве вукIана, кодоб ккун ведрогун.

- Баркулаха дуда…, - ян абуна гьес соролеб гьаракьалъ.

ГьалъухъакIал гьакIкIан бажарулеб букIинчIо. Гьесул гьаракьалъ гьабураб асаралъ, рагIул магIнаго бичIчIичIо гьалда.

- Баркула дуда, - ян абуна гьес цоги нухалъ, дагьав гIодове виччан.

Гьеб лахIзаталъ Зулайхалда кинабго бичIчIана ва гьелъул пашманлъиги ургъелалги, кире арал лъачIого, роржун ана. Черхго цIабуцIцIана, роржине къачIан ругел гIадин рорхун ана кверал ва гIажаибго берцинлъун ячIана. «Вай дир хирияв, лъикIав, цIакъав, - илан пикру гьабуна Зулайхаца, къанщун beралгун, - щибго бичIчIулебго букIун гьечIо гури дуда». Рохалил цIурал бераз ялагьана Зулайха Рашидбегихъ.

- Баркизе гIедегIуге, Рашидбег, - илан абуна гьалъ гьимулаго ва, хапун гIеретIги гъажалда бан, екерун ана ясазухъе.

… Базаркъоялъ росдацаго бицунеб букIана Тажидица Отаралдаса рачIарал чагIазе яс кьезе инкар гьабун бугилан.

# ГІУМРУДУЛ РОХЕЛ

Жакъа бицине бокьун буго спектаклязе хIикматал сипатал (образал) гьарулей, ясикIабазул устаралъул хIакъалъулъ.

Барият ГIумарова ккола Дагъистаналъул ясикIабазул театралъул бетIерай художник. РакIалдаго гьечIого ккана нижер лъай-хъвай ва дандчIваялдеги гьей цIараб заманалдаса кватIун щвана. КъватIул кето, машиналде гъоркьеги ккун, квачIги жагъаллъун батун, Бариятица щвезабун буго ветеринаразул поликлиникаялде. Гьениб ругъунги чурун, букъун, кетоги рокъобе щвезабун ячIана гьей нижехъе. Гьеле гьединал, къойил дандчIвазе бегьулел ахIвал-хIалазулъги вихьизе бегьула гIадан – гьесул рахIму, рекIел гIатIилъи, гIадлу ва гIаданлъи. ГIадатлъиялъул рахъалъул бицани, Бариятида жиндир ишалъул щибгIаги кIодолъи бихьулеб гьечIоан. ЦохIого-цо гьелъ чанго нухалда такрар гьабураб жо ккана, жиндие гьеб хIалтIи бокьулеб букIин. Гьей божулейги йигоан, театралде бугеб  жиндирго гIорхъи гьечIеб рокьиялъ лъимал рохизариялъе кумек гьабулеб букIиналда – гьелъ лъималазулъ рокьи, гьудуллъи, гурхIел-рахIму гIадинал асарал рижизариялда.

Жиндирго хIакъалъулъ Бариятица къокъго бицун тана. ЦIалун йиго цин гIадатияб ва хадуб художественияб школазда. Роол заманалда уней йикIун йиго кIодоэбелалъухъе Гъарабудахъкенталде. Хадуй лъугьун йиго, Джемалил цIаралда бугеб, художественияб училищеялде. Кутакаб рокьигун бицуна гьелъ гьенир рукIарал мугIалимазул хIакъалъулъ. Хасго гIемер ракIалда щвезавула суратал рахъиялъул дарсал малъарав Альберт Захарович ХIаджаев… Гьес жидеда малъулаанила тIабигIаталъул берцинлъи бихьизе, гьелъул гIемерал къерал ратIа рахъизе, магIна босизе, сипатал гьаризе. Бариятица абуна гьесул кумекалдалъун рагьанила жиндилъ творчествоялъулаб къагIидалда ургъизе бажари ва гьеб творчествоялъулъ тIабигIат цебечIезаби.

Бариятил дипломалъулаб хIалтIи букIана «ЯсикIабазул театралъул мастерская» ва гьеб мехалда щвана гьей тIоцее ясикIабазул машгьурав устар Алексей Авдеевасул мастерскаялде. Гьесул хIалтIул мухIканлъи ва камиллъиги бихьун бижана ишалдехун унго-унгояб рокьи. ЦIулалги хIатIулги ясикIаби гьесул кодорго чIаголъулел ругилан кколеб букIана гIолилалда. Гьел



Театр абураб жо байбихьана ясикIабаздаса. ГIадамаз гьарулаан цIуладаса бутIрул, дализабулаан чIартил гьабураб таргьа, рекIинабулаан гъеж-квер ва гьедин лъугьунаан цо гIуж-сурат! ЯсикIабазул церелъеял цере машгьурал рукIана гIурус росабалъ ярмаркабаздаги, шагьаразул базараздаги, гьеб букIана гIемерав чиясда бихьизе рес бугеб искусство. РакIалде щвезабе, кин нилъеца гьитIинаб мехалда кIвар кьолеб букIараб ясикIабазде, кин гьел цIунулел рукIарал, кин гьезда цадахъ рохулелги рельанхъулелги рукIарал. КIудиял гIедалги кIоченчIо нилъеда гьеб кинабго. Гьезул щибабги, гIадамалго гIадин, ракIалда хутIана, щибалъул букIана жиндирго хасият, хаслъи, рухI…

**Женщина Дагестана**
**6/2022**
**На аварском языке**
**Учредитель:**
Агентство информации и печати Республики Дагестан.
**Главный редактор**
Н. М. КЕРИМОВА
e-mail: J-dag@mail.ru
**Редакционная коллегия:**
**заместитель главного редактора**
А. Ю. АБДУРАХМАНОВА,
e-mail: delia25@mail.ru
**ответственный секретарь**
С. Х. БУЛГАЕВА
**редактор русского выпуска**
Г. Х. АСАДУЛАЕВА
**редактор аварского выпуска**
Б. Ш. МУХИДИНОВА
bahu4y@mail.ru
**редактор даргинского выпуска**
П. Г. ВАГИДОВА
**редактор кумыкского выпуска**
П. Х. ХАЙБУЛЛАЕВА
**редактор лезгинского выпуска**
Н. Н. ИБРАГИМОВА
e-mail: shikhnabieva1981@mail.ru
**редактор лакского выпуска**
З. Т. АБДУРАХМАНОВА
**редактор табасаранского выпуска**
С. М. ИСРАФИЛОВА
**Корреспонденты:**
Э. ИБРАГИМОВА,
А. ТАЖУДИНОВА,
В. РАТЕНКОВА.
**Заведующий редакцией**
С. М. ГАМЗАТОВА
**Художественный редактор**
Г. А. КУРБАН-АДАМОВА,
e-mail: guleymat@mail.ru
**Адрес редакции и издателя:**
367018, Республика Дагестан,
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
e-mail: j-dag@mail.ru
**Журнал отпечатан в типографии:**
ГАУ РД Издательский дом «Дагестан».
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
**Телефоны редакции:**
65-00-36, 65-00-37, 65-00-39, 65-00-40.
**Официальный сайт журнала «Женщина Дагестана»: женщинадагестана.рф**
Дата выхода в свет 10.12.2022.
Формат бумаги 60 х 841/8.
Объем: 5,5 печ. л.
Заказ № 1104. Тираж (3126) 753 экз.
Журнал для семейного чтения. Издается с 1957 г. Выходит на аварском, даргинском, кумыкском, лакском, лезгинском, русском, табасаранском языках один раз в два месяца.
Свидетельство о регистрации СМИ ПИ № ТУ05–00429 выдано Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.
**На обложках:**
I – Магомедсалихова Зулжат Кебедовна врач, Войта-терапевт; III – Работы Барият Умаровой, главного художника Дагестанского государственного театра кукол.

гьесул лъугьунаан ццидалалги, нечаралги, аваданалги, гогьалги… Бариятги хIайранлъун йикIунаан гьезухъ ялагьун ва гьелъул анищлъун ккана гьединайго устарлъун жийгоги яхьине. Анищ унгояб бугони, гьеб тIубачIого хутIуларо – I998 соналдаса нахъе Барият ккола Дагъистаналъул ясикIабазул театралъул бетIерай художник. Гьелъул бокьулеб хIалтIилъун буго щибаб спектаклялъе данде кколел ясикIаби хIадури. Гьеб гьираялда гьабулеб ишалъе гьелъ кьола гIумруялъул кIудияб бутIа.

Барият йиго цIакъго гIадатияй, гIодое йиччарай гIадан. Щиб жо жиндир хIакъалъулъ гьикъаниги, гьебги цогидаб рахъалде буссинабун, директор Аминат ЯхIяевалда, актриса Екатерина Касабовалда, режиссеразда, цогидал художниказда базабун гьабула гьелъ жаваб. Гьезул щивас лъолелъул театралъул ишалъулъ захIматалъул бутIа. Цадахъаб ва хIал рекъараб иш гьечIони гьезухъа лъималазе къабулаб, гьел релъанхъизарулел спектаклялги лъугьунаро. Руго жакъа спектаклял гьанжесел лъималазул эбел-инсул эбел-инсудагицин рихьун рукIаралги!

Руго цIиял спектаклялги ва гьединго цIиял героялги, ясикIабиха. Театр – ккола чIагояб гIуцIи – кидаго хисулеб ва цIилъулеб букIунеб. ХIалбихьи бугел актераз ругьун гьарула гIолохъанал, гьелги гьанже театралда дагьал гьечIо. Коллектив уна гастролязде ва жидецагоги гьарула фестивалал. Исана кIиабилеб нухалда гьабуна «БРИКСалъул пачалихъазул ясикIабазул театразул хIикматаб дунял» абураб халкъазда гьоркьосеб фестивал. Гьенир гIахьаллъизе рачIана нилъер ва къватIисел улкабазул батIи-батIиял бакIаздаса творчествоялъул къокъаби. Гьедин гьеб лъугьуна ясикIабазул театразул унго-унгояб байрамлъун. Нилъер театрги кидаго гIахьаллъула Белоруссиялда, Армениялда, Турциялда, Финляндиялда ва цогидалги бакIазда тIоритIулел фестивалязда.

Бариятихъ гIенеккун бичIчIана, гьелъ жий театралдаса ятIа гьаюлей гьечIейлъиги гьелъул гIумруялда жаниб театралъ кколеб бакI кIудияб букIинги. Гьениего ячIун йиго хIалтIизе Бариятил яс ПатIиматзагьраги.

Дица гьикъана Бариятида гьелъие рокьулел ясикIаби ругищиланги.

- Гьай-гьай руго! Гьей ккола «Мокьрол пурчIуналъул балъголъи» постановкаялдаса яс Зайнабги, «Цогун бащдаб хьат» спектаклялдаса хухалги. Гьезул сипатазул суратал рахъулаго дие кинабгIаги захIмалъи букIинчIо, кидаго диль рукIанин гьелин кколаан. Дие киналго дица гьарурал ясикIаби рокьула, амма гьел кIиялго цIакъго ракIалъ росана.

Гьанже театралдаги Бариятилги хIалтIи гIемераб буго, гьез хIадурулел руго цIиял спектаклял, тIобитIулеб буго лъималазул суратазул цебелъей ва гIемерал хьвадулел руго гастролязде. Ахирал сонazда театралъ гIемерал ахIула къватIисан хIалбихьи бугел ва цIаррагIарал режиссерал. ЦIияб «Емеля» абураб спектаклялъе ахIун вуго Москваялдаса режиссер Вадим Домбровский. Цоги кIудияб проект – «Дагъистаналъул халкъазул эпосал» абураб театр – спектакль лъолеб буго Гулизар Султановалъул сценариялда. Гьениб цо театралде жанире рачун руго дагъистаналъул киналго эпосазул героял ва гьелда тIад хIалтIулей йиго Санкт-Петербургалдаса художница Екатерина Полякова.

Бариятил буго гвангъараб творчествоялъул чиясул гIумру – гьабулеб буго бокьулеб хIалтIи, радал гьираялда уна театралде ва бакъанида разиго ячIуна рокъое. Рокьула гьелъие жиндирго ясикIаби, ургъун рахъула цIи-цIиял, свакаларо, чIалгIунаро ва чIалгIине заман букIунаро. Гьедин гIумруялъул рохелгун хIалтIизе мальун букIана гьелда мугIалимас, гьанже гьелъги гьебо мальулеб буго гIисинал лъималазда.

**Сулгият БУЛГАЕВА**








10


ИНДЕКС ПМ803

6+

Цена свободная










Стоимость годовой подписки на журнал "Женщина Дагестана" на всех языках на год:

Через УФПС (Почта России) - 319,37 руб.

Самовывоз через редакцию - 198 руб.

Через киоски "Дагпечати" - 252 руб.










# 2023

| ЯНВАРЬ | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Вт | | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Ср | | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Чт | | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Пт | | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Сб | | 7 | 14 | 21 | 28 | |
| Вс | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 | |

| ФЕВРАЛЬ | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Вт | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Ср | 1 | 8 | 15 | 22 | |
| Чт | 2 | 9 | 16 | 23 | |
| Пт | 3 | 10 | 17 | 24 | |
| Сб | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Вс | 5 | 12 | 19 | 26 | |

| МАРТ | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Вт | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Ср | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Чт | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Пт | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Сб | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Вс | 5 | 12 | 19 | 26 | |

| АПРЕЛЬ | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 3 | 10 | 17 | 24 |
| Вт | | 4 | 11 | 18 | 25 |
| Ср | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| Чт | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Пт | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Сб | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Вс | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |

| МАЙ | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Вт | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Ср | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Чт | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Пт | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Сб | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Вс | 7 | 14 | 21 | 28 | |

| ИЮНЬ | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| Вт | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Ср | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Чт | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Пт | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Сб | 3 | 10 | 17 | 24 | |
| Вс | 4 | 11 | 18 | 25 | |

| ИЮЛЬ | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Вт | | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Ср | | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Чт | | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Пт | | 7 | 14 | 21 | 28 | |
| Сб | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 | |
| Вс | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 | |

| АВГУСТ | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Вт | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Ср | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Чт | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Пт | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Сб | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Вс | 6 | 13 | 20 | 27 | |

| СЕНТЯБРЬ | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 4 | 11 | 18 | 25 |
| Вт | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| Ср | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Чт | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Пт | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Сб | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Вс | 3 | 10 | 17 | 24 | |

| ОКТЯБРЬ | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Вт | | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Ср | | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Чт | | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Пт | | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Сб | | 7 | 14 | 21 | 28 | |
| Вс | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 | |

| НОЯБРЬ | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Вт | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Ср | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Чт | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Пт | 3 | 10 | 17 | 24 | |
| Сб | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Вс | 5 | 12 | 19 | 26 | |

| ДЕКАБРЬ | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Вт | | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Ср | | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Чт | | 7 | 14 | 21 | 28 | |
| Пт | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 | |
| Сб | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 | |
| Вс | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 | |

4 651116 280082